nya, kapa hapiranti, ring jaba ring jero, tan ana sinang cayanya, apan ikang sarwwa dhana, pinaka kemitanya, pinaka tiliknya, pinaka soloroknya, margganya mangaweruhaken guna lyan pamukting praja, weruh pwa ya gunani lyan, rinasa-rasanya, hana sedeng rawangnya, binobohan sarwwa dhana, hana pinaka musuhnya, kawulanya sang pindrih dinananya, mangka deyaning magawe kalisang hara de sang makweh driwya, tan katalang katolih atmanya jemah, yan tibeng naraka, hamumuta dribyaning lyan, hamegati larangani lyan, hamisunakin bhumining lyan, kunang kang katolih denya, tan kadi sarwwa kweh juga, tur siniwi sinembah ing lyan, hiku juga rasanana denya, kunang pinakajaringnya, ikang pirak pacu pari, pinaka tatali sarwwa bhusana, wastradi, ratnada, pinaka lajer nika hestryadi, pinaka binuru sang ginawe rusaknya, ryyangkenang juga kidang samsam, makadi mregaraja, ryyangkenang halas tikang bala kweh, dening tan panguninga tikang mregaraja, yan alasnira sinabeng janma, yaya tan pagawe, apan ikang kidang samsam pinaka mangsaning mrega, kunang sang mababuru, wus amajangana rajutnira, hana hagni pinupunira, pinaka tut oning alas, hagni ngaranya, ikang pangrasa tiba ring tanayan tani, hapened wekasana hila, rinanjin, hikang bala, maprang wadana lawan para tanaknya, mangka geseng tang wana, kunang sang mregaraja hari pura sira, dening kakwehaning, yapwan kinenan mangsa wisya, kadyangganing cetik, tenaneman ring sarwwa iwak ryyangkina iwak para punggawanira, pangrasak duknya maring kapatut, duk kinenan cetik wisya ngaranya, ika pinangan dening mrega, mati pwa ya rika gesing tang wana, mawwahan tikang kidang samsam, mangkana pamanya sing mamalayu kinenan dening jaring, mangkana tangkesnya, ikang rowanganta mamuk ting rat, yan agawe rusaking cariranta, mangkana denya metwaken naya pracidra, donira sang siniwita, prayatnaha ring parapunggawanira, den paduluruna madhura wacana, haywanalenalena, ri kalaning nitibhaya, yan enewanira, wenang sira mawarahing lyan, anghing hana wwang tunggal genahning pawarahnira, pinaka pupusing jalaning pamuktyanira, kunang kang

wenang sinandeyaning pawarah, yar tarkkanen denira, yadyan ing rama-rama, kaka, hari kunang, hipeya tuwi, sanak amisan, muwah lamun angela sapatra dene hawawarah, pada deniseni, tan ogya gugona, apan wus ananggap i dhananing catru, tur sawupakarane mangde kandapan ing cariranta, mangkana pratadanira sang siniwi, kunang kramanira, haywa gah-iguh hawawarah ring kawula punggawa tuwi, kang hamintuhu ring sira, yapwan akambwang phalaning ujar mangkana, cariranira juga hangilemakena hawaknira yan mangkana, apan tar weruh ring kadang wargga tuhwa-tuhwa, saksat mpas durbuddhi juga sira, mati dinemak ing camra, dening tan pamintuhu warah yukti, mangkana krama tar yukti, hana ta yukti muwah kada Sang Ratu ring Hayodhyapura, maharaja Dacaratha, sira sumetreng mahapaksi Gathayu-bapa, yapwan tekana hanaknya tuwi tumutamitra, mangga mati ya, mananggalanga ring Sang Rama Bhadra, mapranga ring Rawana, mangkana sumitra ngaranya, muwah i Sang Rama tumulus ta sireng Gatayu yapwan tinuduh patinya, tur winchanira sinocanan pitaranya, kaping rwaning mitra, hana ta ratuning wre Sang Sugriwa ngaranira, pada mangacraya sumilihing Rama dewa, yapwan pragat gatining karyyanira, tan ana wikaranya muwah, mangkana Sang Baliputra tuhun manghawula sira ri Sang Ramabhadra, tatan inumnga ri patining yayahira apan mahala purwwakaning pejahira, tatan sinanggah nira catru kaliliran, huwus karasa hawaknira pinaka panebasing pitarani Sang bapa, nahan ta mitra yogya tirunen de Sang siniwi, si kurmma dur bidya, yogya recenakena, tan pangiding ujarapatut, wekasan pejah, nahan krama sang amawa rat, kunang kramaning punggawa, kadyangganing Sang Baliputra, tan angan dapaken gustinya, duk inutus i Sang Rawana, kunang krama sang pangeban, tan agawe ulah tan akut, marggania pagawe yuddha, tan ulahing hangkara ginugon, yan hinutangan sarwwa culika, yapwan walesenira juga, sarwwa prakaraning piyutaning wwang makira-kirang pamuktyanira, yapwan walisinira juga, yan tan mangkina, tar wenang ta ya tar walisen, bwat sadtatahi ngaranya hika, mangde rusaking wwang. –

Ndah waluyana muwah, hikang wwang hareping pawewehing lyan, kadi kajaring uni, kena pinaka suluhing wwang magawe rusaking pangeranya, ikang wwang mangkana, holih tan olih kajarnya, tan engket ring bapa hibunya, yan tumit mangke karuganing pangerannya, wus suka tekeng hanak rabinya, dening panganggo wewehing lyan, wus wareg panadahnya, suka tikang caksunya, tumon sarwwakweh, kaping rwanya oulih, yan rusak pwa sang pangeranya, yukti ya sinung genah wimukwan saprakara de sang mag awe dipa hingiya, nahan pwa ya holihnya, kunang tan olihnyajarakena mangke, apan dosaning hamumuta parenya, papa ya juga katemwing pitaranya, apan tan ana halning pangeranya, siniwinya duk ing awurip, tan sedeng denya hanut dalan ing mangde rusak ing pamuktyanya, yapwanya mamigrahani, pinapa papa ya, sang magawe kali mimitan, apaning dharmmanung pamuktyan agung halit, kadyang ganing sarwwa hutang ring saprakara, maka panawuranta, kunang yan ananas pwa sang siniwi, tan wenang juga hikang wwang mangkana pangebananta, duk apanamayan ikang cacira holih yan angeba, mangka polahing mangawula, den atut ring kadang wargga, mene yan ana karusakaning sang siniwi durniti, lungha pwa hikang carira maduluring kadang wargga, sawunggwaning manghawula, apan ing carira manghawula kang pinerih i twas ikang si pareksa, kunang si bhagya, manut tulising lalata juga sahunggwanya, tan sakeng kadhiran, kaginan, kawiwekan, palaku, yan tan ana surat eka phalane, ourate, kewala sungsung guyunen de sang siniwi, kasor kabeh dening bhagya yadyan wanciya. – Mangkana rehing kawula, kunang yan agung kang depun rusak de sang siniwi, drewyaning kadang wargga punggawanira, hakaranadi sakeng tan yukti, tan urung ginawenya catru pangeranya, apan sang amawa rat, kewala sira rumaksa rat, ngaranira, pinaka sedahan de Bhatara, lamun akweh durcilane, tan urung linungsur lungguhe, dening Widhi, Widhi, hana ring manahe, karane wwang tan luput rusak dening manake, mangkana tangkesnya, hagampsang kang hingucap, eweh yan linakon, ndoning mala pataka sumala kadi wwang bhayeng kuna kakwehaning durniti ulihing ning tumuwuh

mangke tinemu, ya prayatna juga sang siniwi, murang hikang haniwi. – Hana ta waneh tan olih hikang wwang hamumuta ring tuwanya, sampun rusak pwa sang siniwinya, yapwan mamalaku ya upahan ri sang masung dhana nguni, ta tan winehan de sang madhana-dhana, paran ta cabdanira, iki kita mangke, hamalaku upahaning hulun, kadi hamaheling pwa kita ring ubhayang hulun, duk lagi winewehan, yukti ta pwang hulun mangkana, mangke pwa kita, tahang hulun masunga ri ngko, apan wenang nghulun hadwa wacana hi ri kita, harane humapus ing catru, tatan pwa kita ngrungu wacananing castra, rehing macarira catru kalingane kadyangganing hasu pabuburwa pwa kita, sing hangwehi pangan pwa kita tumut, hah hasu celeng padamu, inget ing pangan kewala, tar weruh upakaraning lawan, sahulihaning hasu hamburu buron mulihing wwang tuha buru, mangkana padanta lan ingkulun, harah ko tan panohan wirang, mudha temen singko padamu kebo sapi, kinelutan dening manusya, rineh ko dina dalu kabungkaha pretiwi, yapwan tinunu winunuh tan panglawan, hak sato campra culung padamu, handudulangi wubhaya met upahan, dak singks tan weruh yan keneng upaya dengku, hamangkana lingi sang magawe dhana upahan, kewala paweweh ngaranya, ya janma hatoh awaknya karane, apan kadyangganing rara winekan paweweh dening jajaka, ya wus kena ring sapaturon, masa luputa drewyaning jajaka mulih muwah, tur wwang wadon ika kena dening saksat kawula, sapangrehing kakung, mangkana tikang punggawa hananggapi dhananing lyan, mamuwara rusak ing pangerannya, kuripnya jug naraka kapangguh, mati tan mati, mati, nga., tan kinahanan dening kasukan, tan pinarek dneing rowange, tan suka hamanganinginum, mabhusana, hiring-iringan, tan suka ning pasanggaman, kalud dening hadol atuku, kasyasih sahunggwane, kanak rabine, rare lanang wadone, hakakasahan lakune, dening tan patangan tan pasuku, hasing lewih drewene hingalap de sang menang ing parentah, yapwan hanangking hanuhun, hamikul hikang carira, meh mang kana lalajuning naraka udking hahurip, kinon mangangona kebwa sapira hundakan kunang,

yapwan satindake kasyasih, tekang kanak rabine, tenikas kade lekasing pacu hikang carira, de sang menanging upaya, yapwan wus susud hikang brati casana sang mantri, dening lapaning carira, sarwwa bhaksanan towaksa, hasing kumilip tang hiwak pinasuking cangkem, tan papilih, yan sapi, kitiran, jawa kunang, sampun rug tikang casana, mangkana phalaning dadi tawan, tan mati, nga., kewala hikung pramana kari. – Yadyapin hing ita ri sang siniwi, duking lagi, hangadi pira hikang carira, hapulih tan papuliha, apan telas sarwwa lampahan saking uni, wus tan kawaca molaha, hikang hawak, mangis hikang carira, rahina wengi, habuhabalut kang soca, hangrengan, hangingintih, apan wus rusak hikang carera, kadyangganing kadang ngapan hingorag haring kayu lises magung, masa giguha, mangkana padanya, ikang suka wiryya munggawa mamuktya tuwi, wekasan duhka mwang kena parentah hing sarwwa dhana, mangkana petuturnya ring cariranya, kunang hikang wwang samanya, kang halitalit, yapwan tu hunya ring tuwanya, tan tulus hikang pinuhunya, apan tar kena pinastu hikang pati lawan curnna, ya rikala rusak sang siniwi, handadi ya tawan ikang carira, anghing kera-airang juga pinangguh, kewalya engetakena, apan tan sakeng carira mulaning lumut magawaya ruging sang siniwi, nahan sawetaunya juga hiringen, pan linut ing kapanca bhaya ngaranya, mangkana rehing dadi kawula, huwus anuwu, sakantening arepot, makadi duluraning warahyukti, saking kulaha halit, yapwan tan tutug dening anuhu, yeku pinegatan unggwan de sang siniwi,, tiniban rusak, kari tang carira sapara-paranya, kadyangganing satha halit kapatyaning henanya, tatan pegat kinanti dening lulutnya ring hinannya, mawurahan lakunya, mangkanopamanya, tan urung kang carera hanahen i hulah mangkana, rehing pati laraning sang siniwi, bhagya siyar kari ri decanta, apaning hasalina sthana, karang hamangguhakin kasukan. – Ka., eweh teman ting kahira sang rumaksa rat, dumling pwa sireng drebyanira kabeh, mwang prayatna sira ri pasuking cabda wisyamreta, makadi kang dusta durjjana, kang tumindak ing pradecanira, nguniweh ring nagaranira, apaning akweh drewya, akweh catru phalanya, akweh karyya pha-

lanya, akweh dangan dening hanambut, mangkana rehing sang mahamantri, kunang yan santosa juga sira, ulahira rumahseng rat, ring drebyanira hinahal dening kadang wargga, kang maka catru, tan urung hilang drebyanira. – Nahan dryanira sang magawe rusak ing rat, mwang casana, ya pada minindwanira, rasa Sanghyang Pustaka maring tengen, tinutnira mangiwa, de sang mahyun agawe ruhara, kunang kang haparek ing sira, pawakning pisuna hadon, wwang culika, wwang harep hamidik, ulahaning tanayan tani, wwang tan arep ring yuddha, gawenya yan tinari, cabdane hatakera ring hatit, wwang hatitik pawiddhanya ta pipit, wwang tan kena dhana kewala hasisimpen, wwang kasor kawiwekane hadulura don, wwang bobotoh linok, wwang winehan gring tan uninga harepe tansaha, wwang hirsya tumoning bawanganing wong apageh, wwang harep bhinakten dening madhya janma, ika ta kang ekadaca pawiddhan, yan amarek ing sira, rowanganira umiweka ring bhuwananira, siddha tan siddha denya. – Nihan gunaning misuna, metu sakeng cabda, pinatut aken karo pada winehan ujar tinajepan tur winehan dhana, yapwan ikang wwang suka wuryyanya hanak-pasanakan, tan urung dadi wiroddhi, dadi wicara, nang wetuning pisuna, kunang wetuning culika, hana wong tinanya pepek lungguhe ring decanya, dinadeken purwwa sambaddha, winehan dhana, tur ginrahita, mangkana, ulahnya makadang mawargga, hinalapnya mitra, wekasan kawas denya solahnya, katon hala kayunya, ya hika sininggahan dening ujar tan patut harupa patut, paramartthanya, tandwa tinut den ikang sininggahan ujar ahayu, tapwan tan urung ya habaribinan, hakumel ring tanaknya, nihan deyaning culaka, sama hika lan pisuna yan rinasan. – Kunang pamidikan, nga., hana wus tinemunya saking uni, pinaka pakenaning tanayan tani, wulihen i sagara gunung, wulihaning sarwwa kriya, mwang pipikulan, rinasa-rasanya, yan admit jugekang tinemunya mangke, tandwa ginawenya muwah titiban, ujare haminta welas, wekasan tinut dening rowangnya, wekasan kalalu-lalu denya metu, wekas-wekasnya, tan metu pwaya, tandwa hika tinitinya pinidosan, tan angga pwa ya na-

wung, ingalap bhuminya, yan sagaranya, mahan pamidikan, nga. – Kunang wwang tan arep ing yuddha wus pinaran dening mesih, saprakaranya, yan tinari dening tuwanya, haturing kapracaya, salakune hatari maring halit, den tagihen akweh cirining meseh, mangkana ujare, ures cinirenan, den atari ring kawulannya, ya tan areping yuddha ngaranya, tur sanjatanya tan inimingha, wekasan rinujag dening catru, kapuwara ya hapi tar weruhi, yar manghana, tan urung hila bhumunya kajarnya, sor paprange, ka., pada nana juga kagelarning catru de sang weruh ing pamuktyan, aywana lamba-lamba, aywana ngareping kasukan kewalya, ikang si duhka tumut hingitang. – Kunang hikang wwang hatiti kapipit, nga., yan ana saulih aning drebyaning lyan, rinaksanya, yanya ngdhurung hantukanguruti, tan lalis hiya hangantukaken, rinasan hantuk labha sakeng ponggwanan, nahan pakenaning hatiti kapipit. – Kunang hikang wwang tan kena dhana, nga., wwang hakweh drewyane, den simpen, den seseken, tan wani kaweha ring rowangnya, saka hulunan, makadi tan pangulahaken rehing janma hangungsi kadharmman, nguniweh ring hanak putune, tan uningha lapa waregerowange, krangan acunga karamyan, kasungsut yayan jinalukan dening sanaknya, hingitang paran wekasnya yan sinungakena, ya tan dana, nga. – Kunang sor kawiwekanya, salakune hangaturi gustine, maring karsa hangandapaken, ya sor, nga. – Kunang kang hingaranan bobotoh linak, bwat satotohan den tangguhi, mawetu ulah makira-kira, agawe piranti tan atut, mimitaning hana pindane, tan uninga ring kraya-wikraya hang adol wong, tan atut, habhasa tar weruh, hasring hamamanisi ujar, wekasan mimitanya wirodi sang minanisan lawan rowangnya, ya bobotoh linok, nga. – Wwang sring winehan tan uningha, nga., hana pwa pasungsunging tuwangnya, dhana punya, gaga sawah kubana kunang, hartha, wastraha, wawetu kinilagaken sapawehing tuwanya, niskarananing ujarnya, sahunggwanyan pawaraha, henti pwa ya gunulang-gulangnya, tan mari ya hanjaluka, kalawan sing hapekik prakrettining rowangnya, hasawitto, tinadahnya, nguniweh tan pegat ucapane, maring hayu karengo, wekasan ala, mangkana wyaktinya, katon ing rat,

magawe ya wiradi, ring wang mangkana, ya tan arep kuranga, nga. — Wwang hirsya, nga., hana wwang mapupul akweh, akweh sanaknya, akweh panganya, akweh bhuminya, apatih lakunya, ndan pindrih taya drewyanya, tumuluy ginaweya-kinya pamitran, pinasukaning pangan hinum, yan ro teluha, wekasan hana ta ya pirodinya, lawan rowangnya sakawulunan, iya tan sinangkalanya, kewalya pinunpunan, konenya uma-rebut dribyaning sanaknya, dadi ta ya matukar, ya ika wwang mangkana tama hingulahan, yan awaknya keneng madhura wacana, tar wandya prang lawan parasanaknya, kaping rwanya tar weruh yan awaknya pinalih drewyanya dening lyan rinen-cah-rencah, dening pamitranya, wekasan ilang, apan milu ling syasambada, nahan deyaning magawe ya hirsya, tan urung ya holih tangan suku, makadya bhumiha, harsaha, masnya tuwi, wastraha, hastraha towi, mangkana phalaning umidepaken cabda tan atut, rug haparasanakan, rinangsuking nadamanis, hawekasan hirsya, tan urung hilang sarwwa drewyanta, tekaning sanjata maka pandirinta, tilaraning sang mapuwwaka ngunihuni, hinganjaran dening cabda madulur dhana, mas, hartha, kudu holiha hikang carira, sapra karaning manis, hiya mamuwara pahit, siyungira wus pinupuh, tanakira wus apapasah, ikang mangkana, kena ring mrettha wisya, nga., upamanya mina kena pancing, hafring pangan laling pati, padakena lan paksi keneng pikat, hat ring cwara laling pati, mangkana samanya, den prayatna juga hika, de sang mapangareping sarwwa kweh, nahan wetuning hirsya ngaranya. — Kunang kasor harep bhinaktyan, nga., hanaring kuna-kuna, karungu ring ngusana, yan durung sang mapurkanya, kinabhaktyan dening wong, nahan panemunya ngke ring kawiryyan, haronggo cabdanya, hasamar bhasa bhasitanya, ring samanta mantri, hah iya, ya hiku, mangkanang cabda, kurang patalang kupa tanganya, ika wwang jinungjung murkka, nga., ya harep kenabhakten, nga. — Nahan deya sang samanta mantri, dan weruharing ujaring buni, apan lagi jenek ing pamriktyane, yan sedeng nira hatemu cabda lan ikang sinung genah, de sang hade mantri, marapwana sira den prayatna, apanyan tan sira bhakti rika, tą tan suka juga ha-

waknya, ika ta sang mantri, yan sira hinyarakin, dening wwang samang kana, rumaksaha ri wetuning cwaranira, denengeting kramanira, apan ana sang siptanya, Sang Arjjuna, pejah de Sang Kalaraja, dening wreddha pagawe Sang Kalaraja, apan angde tan atut, wekasan mati Sang Kalaraja, nahan mangkana padanta, sor Sang mantri dening sor, wekasaya pakrettinira, mulih maring mimitan, yana hatut, apan tan ana tan papalaca ulahaning hala hayu, donya si sinauri, kramaning nagara jugeka hing etaken, yaning mangacraya, den kadi Sang Ratu ring Majapahit, kacaritanya, sapatha, Cri Mahisa Wijaya, beasta denira Sang Ratu ring Kadiri, wekasan tira hamaracraya ring sang mantri Madhura, matang nyan hana sira mimitaning Ratu ring Majapahit, wekas pada Kadiri lan ing Kahospahit, hapasisihan sira, i wekas cirnna hikang Kadiri denira, apa silihi ring katatwan ika, Sang Ratu ring Mahospahit, hanakrawartti, apan tunggal juga Kadiri lan ing Majapahit kang kula wangcanya, yang ing Kadiri Wisnuwangca tatwanira, tustusning Cri Maharaja Medang. – Yaning Mohospahit, Brahmatatwa juga sira, sangkeng Cri Maharaja Ken Arok purwwakanira. Nahan yan ring Bali pulina, penakadikara lingga Cri Mayadanawa caritanya, wretti Bhagawan Kasyapa ring usananya, nahan ulihaning carita penajaraken, kunang kramaning suka ganta gumanti kalawan duhka, kadi cakraning gulungan, mingsor wekasan mingluhur, kadi kajaring uni, kunang yan ana wwang sor sinung genah di sang amawa rat, apan sakeng swakaryyanya wreddhi nguni katemu kabhukti mangke, donya manggih kasukan, mangkana wreddhinya, ika yan samanta mantri sedangnya gorawa ngkana, halapen sakeng simita rahayu, pada nana, yan atalangkupa hika, sira matalangkupa, haywa mangana tidanya, yan agring denyagawe madhura wacana, mawekasan ahala, ika mahaprayatna ulahira mitrana ring mangkana, kewalya sungsungguyunen, warakina ring prenginan, pan pada rowanganing sumiwi, yan tan pinisinggih manawa ya magawe rundah, e hawakira, apan sedeng marum sugandha, nya hiku prayatna sira sang amunggawa, weruh ring cesta, nga., weruh ring tarkkaning sapakaraman, donira hasingid sih ireng prasanakanira, lawan tan pegat

amalaku katuturaning Sanghyang Castra, kalawan apangadanga kawanin, hakantiya Brahmana, enget ring kawitan, hangajeni kadang wargga sanak pasanakan, rama rama, uwa kuning, asung bhiseka bhiniseka, muwah ring rama kuning, hangajeni pahulunanya, potrakanya, makadi hangantunaken casaneng kuna, sumbah sumambaha, mangkana paweling ireng potra-potraka pahulunan, aywa winehan bhasa jugul, apan tan urung tinuting rat kabeh, haywa njujung hawaknya dawak, makadi parakena wekasing hasih, hangalapa histri pinaka ta talining kamantriyanira, pituwi ring pamuktyan, hakidik po sikang hawak, halit polahanta, agong ikang hawak, akweh polahanta meh katutura sapapaluning mantri, janma, yan alit ikang brata kaja rumuhun, aywa mamegatana hiku pinaka dwajanta lana, ya wuripta, ya hawakta, ya semitanta, ya kasucastranta, ya kawanganta, apan pinaka tuduhira sang siddha nguni ri luhuring aluhur, sang kaprenah ing uni-wuni, ring ugama kala, krettha yan ing yawadwina yapwan katama katemu kapangguh kabhukti mangke, yan kene dening umiringaken, tan susud tikang prabhawa dengan, haywa umatiyaken hubhaya lana, pegal, nga, ling Sanghyang aji Sarasamerccaya, ika yan atilar brata kajarnya, apan ikang catur janma, beddha bratanya sowang-sowang, beddha catananya, yawat kalaning mati, tan pada kramanya, yan anut kajaring uni apanyan atut hikang gama dening hamarunggoken, yadyapin hapendema kunang, ikang sudah dan urung mangguhaken kasukan, yapwan atemahana mantri, Ksatriya, Brahmana, sakala juga ya katon, paran margganya hike, dening subhaktyanya ngke cariranya manut kramanya nguni, yapwan metu tikang hanaknya histri listwayu, ya pinet de sang tri janma, wekasan hana weka-wekanya, tumut kadi kulaning bapanya tinirunya, nista madhyo tama temunya, nista kapangguh de sang mantri, madhya kapangguh de Sang Ksatriya uttama kapangguh de Sang Brahmana, nistaning nista kapangguh padanya wong tani, hanging hagenep ulahing halaki harabi, iku tphalaning hanut handa ringuni, apan ing gama, pinaka margga, yanyan atunona tuwi, hakelima ring sagara, nguniweh abayuujuwa, mangkana hunggwaning patuna haning wangke, makadi sarwwendah pina-

ka duluring sawa maring patunahan, lamun tan anut hikang ulah, masa wurunga kalebbwing naraka, apan kajarnya pagawe tinut babhakte mati, lyana sangke rika ka ring umah, mwang ring bhuwana, paran si sandeyaning wwang kurip hananem-nanem sawa, lamun si genahe mangkana, tan wenang jugeka yan tunonen, ila-ila kajarnya, apan genahing wangke, hingikang, hana ring pertiwi, hapendem, nga., hana ring hagni, hatunon, nga., hana ring toya, hakelem, nga., hana ring pretiwi juga gumuling, hamasah, nga., genep pwa catur ponggwanan, nihan tang catur janma, Brahmana, Ksatriya, Wesya, cidra, genep tang ctur janma. – Hana catur carera, suku, tumuli pupu, wekasan bahu, panelas pinake pucak hikang cirah, nahan hapageh, sowang-sowang, kuning hiking kali lawan sangara, uwus hiku rugrag tikang gama, pati gama-gamahi, linurugan dening sarwwa hartha, mas, bhusana, nahan kalaning rug casana tinemu mangke. – Sang tabeya nghulun mawara-warah, luputa ring raja panulah, hira sang siddha nguni, apan prasiddha hingunggahakening lepihan mangke, maka tampakanira sang mantri, kyun engeting krama ring dlaha, akweh ikang brata casana, sira Sang Brahmana Ciwatatwa, ban kapuruga ring lembu hiwak, kalawan ure, sarppa, nguniweh tan palungguhi godonging waluh pahit, sira Sang Ksatriya, tanpa-mangana hiwaking kidang, tan kahapa ha godonging kahitkik pisang, paran ta wiwitane hiku, tatan wenang ta yan pradatakena, apan tan pada-pada nira mantri. – Nguni hikang apande wesi tan pamangana si lalarwan, polihnya ngini tatani hamengati talinipun apande, duk pinugeheng tema, mangkana katawiwanya ngini, kunang hikang hapande mas, pinaka casanaya, tan pangingu wadara, dosanya hanucuk mirahira sang Ratu, ya ta pinejahan hanaknya, dening kagenganing bancana, abdhiprayanya, wedi yan pinejahan, de Sang Prabu, apan tuhuning hawaknya tan mangalaping mirah, ika, wus ri patyaning hanaknya, ri nuruh kang mirah ing jerowanya tan kapanggah, mangking karesres manah nipun apande, kaping rowa tibaning brahntinya, yapwan sidha ra pinejahannya, tanawa rinuruh tangmirah kapanggiheng jerowanya, ya donya tan pamuruga manginguwadhara, tekeng pracarunya

ring dewanya dudu lawan Sang Brahmana, Sang Ksatriya, Sang Wesya, Sang Cudra, dudu jugeka caruning hapande mas, yan tunggalen, kalanyan pangusabha, hikang pacu catur pada kang dahating mingsor pinaka carunya, ya mangkana kacaritanya, yan kena denta mangiring de sang caturwarnna, ayuwa hanambut gina hapande mas, nguni-nguni sang triyjana, ayuwa marabiya hanakning banyagan tan kahalapa, hanggalundang, akweh tayan caritanen bang tan wenang kalapa, mingsor tanggina dening mangalap, pituwi yar marabiya, kewalya handige ring hapande wesi, apan gina mijil sakeng Bhatara Brahma, manyuruk iriya, mpu tajiwarnna, ngga, linging castra, mangkana pradatanya, de sang engeting karmma. Hana ta wwang tan pamangana wwahing kalewih, hana tan pamangana wwang hiwaking wijulit, kunang gatinya tan pamangana hiwaking wijulit, dening yang hautang hurip. Kuang gatinya tan pamangana kalewih, apan katatawanya tuhan-tuhan kadang haji, sang madubya brata ngkana, menak juga wwang mangkana kacaritanya, tusning Breng Kadiri, nguni kapradtanya, kunang sang tumusning handadi witning kalewih ibu de sang pinaka weka sang ratu, yapwan hyunira sang mahamantri wruh ring sang pinaka ibu tawi, lungha pwa sireng taman, hiniringing kawulanira, tandwa kapanggih sang pinaka ibu towi, yan sira wus ingakuran de kawulanira, tumulya ngucap pwa sira radyan, nduh ibu hinghulun, ulati pwa wekanta, nghulun hyun menambaheng itu, maka prasiddhaning hanakta, yan kadyaning rahta ibu, tata sakeng hulun mangilagaken ikang hawak ninghulun yan kadadiyanta, apan tan wenang hikang hanak tumilas-tilasing kadayaning carira, yadyan wetu takeng watuwangca, yadyaning kayu tuwi, tan dadi yar tembangana wetuning carira, mangka lingira radyan, wahu kucup pwa tanganira tumambahing sang ibu, malayu pwa sang sinambah hangideri salo, tinututan pwa sira tinambah mucaranta sira, di sang ibu, hantyanta ya nghulun mangaturana tambah, kalawan tolihana sembah inghuluni kita, makaphalanta tanayeng nghulun, yapwan malayu pwa sang tinambah tan panon ret, wetning jrih

nyeng manahnya, apan tembenya hanon rupa mangkana, litu hayu paripurna, karaseng manahnya, yan cariranya tan pada lawan sang hanambah dening kagem ring wedinya manahnya, tandwa tiba taya sang ibu kajungkela ri daleming sumur, mati ta sira, mantuk ta sira radyan, tatan gaitanen pangapakarenireng pitara sang ibu, kalungha-lungha pwa lawasnya, i weksan turnuwuh witing kelewih, yapwan tiniban tamaya de rahadyan, tanpa mangana wewahing kalewih, kang pinaka santana de sang matiring taman, mangkan tiban ikang samaya, yadyapi kateka mangke, hana wwang tan pangana kalewih, ya jamma tutuhan, nga, linging loka, menak janmanya hika. Paranta kasatwanya hika, hana sira ratu wicesa ring tilanggya tan lingen kapwa wicesanira, genep satingkahing kaprabhon sira, hana ta kawula mengamenganira wadon, tusning kayuwangca, tatan wiganiteng lawasnya mangawula ring sira, dadi tan bancana sang ratu, isedengnira tumuruneng patriireng paturon, kalaning wengi, yapwan lumumpat pwayeng natar, dadi katampak pwa ya natar ahanget, kadi henakning bhaga mandala rasanya ahanget anissep rasanya, dadi ragan pwa Wang Prabhu, padanya jumma, kinira-kira ndatansah, apan tan hana pasandeke, tan ana jeneke, wujudtine, apan lagi prapanca manahe, apan rumegep tan pracaya, tur tan wenang haguruha ring kabuyutan, ring hibu, ring jamma juga hunggwaning panadaha warah, makadi bhasnya, apan tan ana wiwang tatan paguru, ya ta hikang manusa ya tan paguru, yawat sang watek dewata jugeka haguguru, pinaka porhitanira Bhagawan Wrehaspati, yan ring watek detya, Bhagawan Cukra sira pinaka purohita, hiku ta sang mantri yan engeting krama, yogya hatatuladin, yayan hana weleting ni manahira, ndonira pagawaya mitra Brahmana, pinaka hung gwanira hati sinawu hanguruka hawaknirang aji Castra, yawat sedengning walaka rowanganira haniwekaha sastra, amajara mantra dikapgolyan, makanguni hagawe haji wuruk ning tata nagara, tindakaning niti sara sastra, hindralokaksara, kamandakadi, nagara krama, wijayastraksara, carodhara sastra, Codharecana sastra, nawana-

tyaksara, nguniweh Dyah Tantri carita, yapwangan ring kawulanira ring dhaka, kunang hikang haji mangkana, maka-padartthaning pangupaharaning catrunta, mwang susuluheng kawulanira, kunang hika Sang Hyang Agama, Adigama, Ciwa Casana Sastra Sarwadreta, yapi kasulhna weang awyawahara, kunang hikang Sara samuccaya wewang Sang Hyang Agama Manawasastra, pinaka susuluhing Sang Hyang Triyagama, sadidikena pametanta, apan wus telas tikang Wijawahara ring Sang Hyang Agama tiga sira tan tinuting rat kabeh, apan kajaring Bhatara Manu, mwang Bhagawan Ramapracu, nguni-weh Sang Brahmana siadhi sastra, mwang Cri Padaukaji Dang-dang GEndis, Ratu mahawicesa sira sang kawaweng adeging ryyagraning galah, jeku tang aji kajaring makakemitaning pamulotyan, haywa tan weruhing paricagama, haywa katara dening rat temu kasoring kawula, tan anglucu kawula, maka ngene ring para kabeh, apan agawe tan sidahajarnya, ndonya hikung bhasa bhasitanen hingetaken kade kajaring uni, pinaka dwajanta lana, lawan ta sira sangarakryan, maka pupusning semita sira, biasa hangajeni kadang wargga, weruh masung parab-paraba, yan saking ginanya, yan saking decanya, kunang yaning bhwanalit kadyangganing pakarangan seking wewang atuhanya hasung parab, yaningpamuktyan, sangarakryan masung paraba, yaning pangaskaran sang adi guru pwa wenang maweh parab, yan ing bhawana gung daca deca, iakang pracasti pinaka prarabning daca deca sinurat de sang mahawicesa, sira Mpu Yogicwara kacaritanya, donya kateka tekeng paramangke manuting pawarah ing pracasti, hana ring daca-deca, apan pinaka sengker de sang weruhing semitaning mantri tata nagara, yeku pinaka dwajanta lana, papiyakning mantri lawan Cudra, tan marak hikang mantri Casana ln ikang Cudra casna, papi-yakning mantri lawan Cudra, tan marok hikang mantri Casana lan ikang Cudra Casana, apan ing parab kewala pinaka bhisika panelah, tan mentasa dening bhiseka, dening bhusana, dening rupa, dening kaginan, yang maring swargga, apan rehing nagara mangkana juga, tinuting wurip, mangkaneng mantri huyning krama rahayu, kuang yan katenger pangasor nireng kawulanira,

lamun si hana semitane sang hinasoran, yan orana, hingkang weweang hina-hina soranira, manmuwara tar wering cariranya, hanani lulucu, nahan denira pantara rumaksa semitaring kawulanira, tan atiru-tiru ulahing kuna ri bhasa-bhasita ring rahayu, tan pangret pangucaping wwang sanak nira maring hareged ajendu, tan panganggo semitaning mantri, hiya mantri tar weruheng casana ngaranya, kadyangganing hamangana sanggama tar wring wring rasa, kewala pawaregnya rinasanya, lingnya sapa kayawaku, wirya tan ana kayawaku, prajinan akuwahuga, weruhing ulah haku wahuga, manghana deyaning pamuktyanya, kula mantri ya juga, mangkana ta ulahing mantri mamukting decanya, laling casananya ya juga jinunjung kamantryannya, tan ana mantri samya katon, sampun tan hununinga tang haji karana cabda, nguni, mangkan rehing kawiryan harep ora kabhangga, mawor culika, yang cang enget ingkarmma, tan ulaha mangkana, mapan sira sang mahamantri wekas ing semita, pakempelning cwaraning rat sira, kunanghikang janalit mwang tanayan tani, pada manuting hambeking pangeranya, yan murkka, yan saha semita, yan pragalbha, mangkana polah ing rat, matut pwa sang mantri mukya matutur ing sarwawaksara, mwang krama yudaha, tumut hang kawulanya mangkana, apan sampung piniheran kadang wargganya yapwan hina ring dening tanayan tani, duracara pwa Sang Pangeranya, tumuntuna tan caraneng rowangnya mangkana, kalalu lampahnya tibeng samanya, pada wirasya weruh ing parentah mwang sira tatangguhan, kadiyangganing totohan, mangkana caranya, ka, hala juga polah mangkana katoning rat, sang ksepanya hikang kasukan, ulihning anemu-nemu, yan tuten jugekang daleming citta kadyangganing ngarnnawa tan patepi, malwa madalem majiembar tatan pahingan sengkering cetananing manah, mangkana Sang Carira, ya punpunen ing phalaning kawiryyan, manuwara lali sing kapadesan Shanghyang Trikarana, lahing ring Carira, tan urung dadalaning magawe manah jati mwang juti, hana ta sangksepaning pamuktyan, Ratu ring Lingkapura kojarannya, wwusnira magawe tapa, yapwan

pamangguh nira tang kawiryyawan, ulihanya rinebut drawyaning sang kaka Maharaja Dhanecwara, akarana sakeng tan yukti, maprang ta sira, alah sang kaka, malayu pwasira, pamuktyanira hinalap de sang hari Rawana, yapwan kakwehan pamuktyanira dening tatanya tikang hangkara lobha Sang Maharaja Rawana, tandwekang Swarggendraloka Cinurugnira, sor de Sang Maharaja Rawana, asing sakahyuniran pamukti katekana, mwang sawwa stri rahayu, yapwan kalungka-lungka pwa cittanira, tan kahanan jugebeka sang manahnira, hana ta Ratu watek atapa rumaksa hacrama, Cri Ramadewa panenggahing rat, hanak de Cri Maharaja Dacaratha, Ratu ing Hayodyapura sira, hana ta swaminira Sang Ramabhadra, mantyanta kalistwayunira, tan popama ring pada-padanirastri, yapwan hinalap de Sang Rawana, wekasan pinatyan de Sang Ramadewa, rinebut dening watek wanara, rusak tika Maharaja Lengkapura, dening paparangi Sang Ramabhadra, mulih pwa sang garininira, Sang Bibhisana sira hari de Sang Rawana, gumantya Ratu, Sumaweteng Maharaja Yodiyapura, mangkana Sang Rawana mati dening kalewehan lobhane, mangkana sang lobha duknya sumurupeng kawiryyan, mang de wetu sang jutaning manah, sakeng kawiryyan, tan urung ta ya magawya upaya, dening kakwehaning swarra driwya, mawetu ta ya maweha-weha ring layan, anghing hikang weweh punika pancing, dukniyang winehi bhusana wastradi harttha, mwang sarwwopabhoga, pinaka ujaning angkara bhangga poraka, prayanya tan kasabhan laras larasnya, yadyaning salaku-lakunya nang hiringen dening lanang wadon, tekeng kawulanya, tumut sacaraning tuwanya, akweh sanjatannya salarinya, nora kaya hiya, nyapwan sikukan ya dene padanya mantri ring rat, mangjungjungaken bhasa bhatitanya, dening wurryanya tukwa bhasa aoleh pirak pacu pari, mwang dados, mangkin kawedi pwa sang winekan, hatilar bhasa bhasita nguni, kaki papan, hari kaka, uwa towi, yapwan ajrih tekeng manahnya, padukanira kriyan juga tarppananya, dening bhaktinya ring paweweh, kunang mantri mangkana, wos sor dening bhasa-bhasita, mantri mangkana yadyan tekeng paprangan kasor paparangnya, yap wan sang mahamantri prayatna pwa ri padanya mamukti

mantri tan anglungsura bhasa Casananing wwang ngatuhanya, pageh ngaranya hika, apan ikang wang jinungjung mangkin wreddhi manahnya, haluhur senitanya, tekeng wwang ing nagaranya, pada harep mangawulaken awaknya kunang mantri murkha mangkana, tar weru yan awaknya kinawulaken de sang amawa bhumi, ringugana kalaning krettha dangu, yapwan dina dalu hagawaya kasukaning hawaknya, sinandangnya, lanang wadwan pada ramya, haparek tang pangiwangkaneng pangiwanya rimanahinya, yaya hacarub awara, pahyasning histri kakung, kadi pasamuaning manuk, sedeng raga-raganya, tumon ing wadwan, yapwan tan urung hiringen dening raga-raganya, phalaning kakwehan manahnya bhusananya, mwang pekenaning hasih gring hasasanya maring tatangga hahurup-urupa rapiranag wadwan, nahan tan pampetan ngwang dening si raga, wreddya tang manahi wawang dening indriya, yayatah tan wurung hangalap maniking citta, tar wandya ngalap wadwaning lyan, silih iringa, weruh wineruhan, rasa rinasan, pada lanji lanang wadwan mangkan yar tekaning kalipisan, ya ta hikang indriyatuntumen dening bhusana ri kiwa, sinuguhan dening tinghal, bhinusanan dening manah, winuwagatan dening hapamacehan, dinutyan dening awirama hangidunga, dinulangan dening lanang wadwan akarwan amaca, winasuhan dening sirih harum pucang luwak, lininggihan dening tikeling alis, dinamaran dening wadana bungah, yapwan pinasukan parangkeping haksi kalih, sinekaran landeping wuluning driya katikelannya, ginelaran dening wredhyaning wulat, hinuyuh-uyuh dening Cwara manohara, mangkin dumeling tang wang histrindriya, tan kena linawanan ta tanorung hatemu tang lungayan hawilet, pupulaning suryya candra jugeka pangidepanya, maras-maras awor suka, lesu tatan palawanan, lengleng kabhinawang lakuning raga, yapwan ilang hulahing mapasanakan maka dang mawangga, Cakti tatan ana kadindriya, mangkana tang panuntuning si kawiryyan ksukan duk angiwa, ya, mangkana ta saksat huruken sabhan masa tan bekaha, utawa pwa dinohan tikang manah sinari-sari, kawangunaning saruwa sastra, tan wenang juga urunga tangindriya, hatemah malingning tamara, eweh tan kena

hineretan, apan akweh silumanya, ling Sanghyang sastra, nguniweh hana iring sarwa bhusana, mwang ring sarwa laras pahyas hanya ring tinghal katutureng wulat kidang, yaning muka bungah katutureng Sanghyang Candra, yan ing laku katuturaneng liman, mangkana swabhawanya kabeh, Yayalah kadurus nirosada, eweh linawadanan, tan doh ihati sthananya, malar si manitra mitraha, tikang indriya, si purnna purnnakina, kadyangganing hawutang taketik nem laksa, paramartthanya, phalar si kena drewyaning lyan, akarana tan wukti, mangkana si prajina dukagawe juti prapanca ring rat, emut ring pamuktiyaning liyan dadya wetu pancerita, mider hasaasanya maring decaning lyan, hangrundah hagawe rowang humikit hangalapa drewyaning sanak, kaka, rama-rama pahulunan, makadya ngalapa lungsuraning tuwanya, kawaknya jugarep angunggulana, tilas pwanya sapta upaya, pancenretta, hentyanentyan, ginelaranya, sampun pwangenani pawewehnya, yapwan lumaku ya hangrundah ha r ri kadang wargganya, hanganakinya yuddha, yapwan kaweruhan de sang hinupaya, maluku ya tar wiruha, sinerahan rabinya, ndonya menggip harupa tan culika, wurung tikang pancenrittanya, manggaya sindonaken, ping rwa ping tiga ginelaran juga mangkana, tandaya wurunga tihangkara prajinan culika, mangkana pangira-hiranya, hita sang mantri den enget ring ribhaya mangkana, yaya ta hartthanen wetuning hulah haning rwangira pamuktyan, tan dadi henengakena hika, malaku lakupwatira mameta nitra, padanira mantri, nguniweh Ksatriyadi, Brahimanadi sang manuk tya ring decanya lyan, labda karyya pwa sira, yogya taya wwang mangkana lurugen denira, pada nana gelarnya, yadyapin kirang bhoga pwa sira, yapwan genepen dening satya hubhaya, ring parajana kabeh, ekeng tunayan tani, mwang kula wargganira, hanging karuhun pwa sira prayatna hanggelarakin mangkana, haywanakareki prang, wanilagawa hatoha wargga wadwa, bhagya sihatekeng hawakira, utama hika pisang, madhya ring sanakira, rama-rama, labda karyya pwa sira, yapwan telasen kabeh sahananya, kang mulaning dosa telasen patyane, tan ana kadang wargganira, tan ana katalang katolihnira,! apan tad tatahi hikang wwang mang-

kana, hamasan ana patine, hana bhuminya jarahen, kunang sahinganing du ccila, yogya patyani, hanak rabinya rare kuwi, jarahin kabeh tundungaken ring deca doh, haywan angadol janma, kunangkarinya, kebanana upadrawa, dening caktining tindu, yawat ana tinghalanta, wehen alitta, sindu-sindunen nangkenang pitung lek, hajana ngampunana, sapatirunta, Cri Dharmmawangsa sira, watenca Pandawa, duk aprang lan sang Korawa, telas nira pinatyan, hikang rajapisuna, ruruhen de sang watek Pandawa, yapwan Sang Drestarastra kari morip, apan ikang wwang magawe pisuna rusaking rat, dahat haru hara kang bhiwana danya, tan ana luputnya kabeh, tekeng tanayan tani, hagung alet, lanang wadon, tuha hanom, makadi Sang Pandya, nguniweh tatindih wukir, tekeng sarwwa pacu, sarwwa kayu, mangkana deyaning wwang mawak raja pisuna, har, hikang para kabeh, tan kena denya hagagasawah kubona, lapa juga ya, hangel hulihning lurugan awanti-wanti, kunang yan tekaning rusaknya kabharasat, tikang lanang wadon raryalit hanom awredah, hobah Sang Pandita, henggung tanti chokanira, eguh pasewitanirang Bhatara, haru hara cittara, kunang hikang sarwwa satwa panakayan, tan kena hiningu dening hangonya, kunang hikang kayu-kayu tumut kalaran hurung bawoh hakimbang, rinubuh dening paragana, ginawenya pancaka, dening hurukning gustinya, pada heneng sukan iakang rat kabeh, kewala yuddha lingnya kabeh, humung mahurahan, mamrang lawan kadang wargganya, hatoh dening dhananing tuwanya, sang sugih hatoh dening ksamaning ngujar tuwanya, sang hina bhoga, kunang hi sedeng ning rat mangkana, hiku sang mahamantri, tan lamba-lamba deniranggege sanjata, lawan wekasning pangrasa, yan ada hasingid cittanira, yadyan ing kadang wargganira, punggawanira, rama-rama nira, kang sumabeng catrunira, tan wenang rowanganira manelasaken pangrasa, manawa karungu dening catrunira, tan wandya wurung tabhiprayanira, hiku mahaprayatna sira, apaning jamma rwa cittanya, kadyangganing hagalungagempung, hating pilegning cirahnya tan urung mamangana, hikang tuhwa cittanyeng

sira, kadya kajanga sirahing kapuk, mur satunggal tan urung cirahnya hagelataking watwan, hiku panengeranta, na kramaning swabhawajna ngaran ika, kincitrasa gelarenira, kadi warahing guru lawan cisya, prayoganing warahira ring kang saeka dresting sira. Ka, hikang pawakning mahapisina, yadyapina prajnan towi sugiha kunang surupa kunang, lamun agawe haruharaning rat, saksat pawakning cacab marana hika, pawakning durgga hala, pawakning tutumpur ika, hikang ti kaprajnanan kawiwekan, mwang kasugihan, kadi taya ring ciwambha, syuk kening kuliting asu, paran temahnya, wus ilang mritthanya, yadyapin Sang Pandita towi, yang angulah haken rasaning rajanisuna, wus hilang tan pakaryyya, ling Sanghyang Agama, kunang sang humejahaning raja pisuna, tan kataman papa naraka sira, yan sacikna sawjakti pisunanya, kunang sang nmantri yadyan ing sang ratu, yan sira hahyun agawe kahilanganing durbhalan ikang rat, tatan wurung hilanga, dening kawicesanira, mwah wetuning sarwwopayanira, tuwi sira pinaka bapa hibuning rat, Sang Ratu pinaka bapa, sang mantri pinaka hibu, Sang Brahmana sira pinaka sanggar, ikang wwang same sawarnnaya, pinaka suta, ndonya hingaranan tanayan tani, mangkana Sang Amawa rat, lan iangkang wadwa kabeh, swargga sakala juga sira, pinuja sira dening rat kabeh, apan tan bhisa hangrihini hangkara, yan rinihinan, tan dadya menenga, mawalesa juga sira, yan sira tan mamalesa hilang bhuminira, hinalap de sang magawe rajapsuna, tekeng sagara gunungnya, ndoya Sangkhya Agama pinaka sisipatnira, hagung kulit pamalesanira, pada pada nana, mangkana dharmmaning pamuktyan, tan ana kdadata, kunang ryyang kenang tunjung Sang Brahmana taya pwa Sang Ksatriya, ryyangkenang tambak pwa Sang mantri sasame pinaka lajering tambak, mangkana linging sastra Pandawacrama, ling Sang Karesyan, tuhun satata pwa sang anggaduh hingpamuktyan tan wandya prayatna. Muwah hajara kena, tumibeng sang mamukti ring rat, tan luputa ring karyya bwat adangan, maka mimitaning ya hingana karyya ring tanayan tani, hakweh jurunira, lwirnya juru kadaton, rumaksa sapraka-

raning kadatwanira, kaping rwanya, juru langlanganira, rumaksa ri kenitaning pasebhan, kaping tiganya, juru gaga sawah kubwanira, kapi pating amilang, sang rumaksa ring tadahnira, ring nagara tekeng tanayan tani, sumuguha ring tamwi, umitanga ring panangkaning drewyanira sakeng pretiwi, kaping limanya juru kuwunireng sagara, kaping enemnya juru lakokening karyyaning deca, kadyangganing kabayan, pasek, titinggi, ruruban, hanguninga hupacaraning kabuyutan, makadi marga, kaping pitu hanguninga ring pasar, kaping olu ring margga ring nagara, kaping sanga ring hasedahan, wyawahara, kaping daca muliharing dharmma dyaksa, ekadacanya muliha ring juru hiranana wicara, sedahaning padosan agung, dwidacinya, hana lingganing carakanira, tridacanya tumut tang kriya pikulan, caturdacanya tumutang hasanyata, ring harepira, panca dacinya sira pinaka lingga, tekeng papatihira, hiku mider petungan denya, ya hagampang dera lalaku, tatkalaning sarwwa criyagung halit, yadyan ayuddha towi, nahan kramaning pamuktyan hakweh. Kewala sira pinaka jungut nikang bala samidaya, sira ta hanelehi, dening habra bhusananira, tekeng wadwya nira, apan phalaning wriningha ring balawargga, sinungan dhana, bhusana, suka tekeng hanak rabinya, wenangsira mawaraha ring twamnira. Hamusuka hasung sukanya ring rabining mantri samanta, sedengnya nangkil ing puri, nguniweh jumeneng hikang sarwwa guna denira, hawekasan halit ikang swakaryya tumibeng tanayan tani, wenang sang mahamantri hangraksa dusta kawulanira, gawene marah angrarata jajahaning catru, hangalapa jiwaning catru, kang humawa kumira kireng sira, hanging haywa tatan inu, nangha, manawa kayogdyan hamangan rowang nya, wenang piniheran sapisan, hanghing yan haneka holik saking decaning lyan, tan wenang sirangalapa, makabhuktinya, hika, muwah lena ganjaranya simongan derita, kunang yan tan ahipipa niheran, tur agung dosanya, yapwan parakakeneng hagama jaluken jiwanya, apan duracera, nga, ka, hikang guna, hana pahalanya sekanda, kanda, hapan ikang guna mwang janma, ungguwanya kadyangganing huwak tangan, suku, sirah, mangkana unggwanya

dudugunannya, dudu unggwanya, dudu parakbnya, hika tan wenang carubana, kunang ujaring wwang tan weruh, masa binaha, ka, ujar mangkana, kwalya hatut karingo dan ikanang mangiwa, apan wijaktinya pangucaping wong, teka janma manusia, yukti mangkana, anging tak kandanen, kadi kajaring uni, yan tulusa mangkana, mata hana kandamin, ya hujar tan pakrama harane, apan tan wenang pinajaraken gunaka tunggal, hikang awak juga tan kawaca hatunggalanakyn, done hana salamda-kanda yan tunggal juga hujaranta, yadyan ing sarwwa pacu, masa lina sangkeng carira, tunggal juga hika, paranta tunggale, pada kinahanan pamangan inum mwang turu, sanggama, wurip, mati, medaha tan medaha, lanang wadon, nista, tan nista, bhagya, tan bhagya, ya hika tunggalnya, kunang beddhanya, iangkang wwang kacaritanya, kinahanan dening japa mantra, aywa hangucapaken tunggal, kabeh, apan tan ana weruh ri katunggalanya, doning hana tingkaden kadyanganing handa, kadyangganing gunung, hana wit, hana purcawa, hanay puncak, tan wenang pwa yan micranen kabeh, de tang maha mantri, kunang yan pada jugaka kabeh, taksat wuta pwa sira, apan tan pasastra, samangkana, tan panon rat hikang wwang mangkana, utama yan gawenen kanda, apan mamuwara rahayuning hawakira, yan ala gawenen halaring hawaknira, rugrag kinawenira, rugrag tinngguhta, harane linge pwa hasedahan, bhuwana ginenah den Bhathara wong mangkana, ndan irika pwa sang angraksa rat, prayatna ta sira, hiringen kadalan maring tengan, haja boh kapareng kiwa, den enget ing wubhaya mafing tengan, tinuting apadang, haywana dawak amegat casananing wong, atjangkara culika ring kadang wargga tamanta mamukting praya, purwwwakaning culika, nguniweh kaweruhanta, beddha wuga hikang manusa lawan sarwwa sato, apan ikang manusa, bhisa tumingkah hangrasa hala hayu, weruh ring suka duhka, bhisa magawe kali, bhisa magawe krittha, thisa magawe yuddha masanyata, manandang mabhusana kunang sang seruh bhisa m magawe lingga siddhi, kinabhaktyan ikang pawrettingnya dening padanya janma, weruh recwa Sang Pandita hulahaning

sarwwa trena taru lata gulma janggama, mwang sarwwa sarwwa, mwang sarwwa satwa, sarwwa mina, nahan pangaweruhira sang syanma wicesa, matangyan saking manusa dinularan dening Hyang donya siddhi sakeng cila rahayu, dadi manuduhing sasamany manusia, mangkanopamanya, tan pajamugaka kabeh, hahingan hunggwanya, ka, tan doh hikang sarwwa sastra, sahulihanira pinanggih pintokenira, pinaka margganing hangrarata. rat, apan tanana dusta magawaya rusaking rat, yan tan hinenengaken d haji, sang siniwi sangkaning krettha mwang kali, yapwan hiniring dening papatihira, tumut tang diyaksanira, tumut pada solahing tuwanya, karaning tunggal papanira, sang amawa lan papatihira, tar wenang sira pi tar weruhi, yaning nagara, tang krettha sinereganira ring sarwwwaksana, hiningunira, winekan dana, enak deniya ngulahaken sarwwa sastra, tur sinungan de sang sinewa sarwwa sastra, makasikeping dharmma dyaksanira, mwang punggawanira, kang ring nagarnira pan prasiddha pradhana purusa, ryyangkinang purusa sang sinewa, ryyangken pradhana parapunggawanira, tan dadi yan tan uninga salah sikiya, apan sukaning hala kyarabi, mangkanatah padanya, yan tan uninga salah siki, paran dadining wwang hahomahomah, ryyangkinang suta hikang tanaya tani, sangksepanya, den pada wuninga juga, hikang gustinya, wuninga lapa wareging kawulanya, punggawanya, wuninga ring bhayaning tuwanya, mangkanopamanya, hikang wwang kakung hatemu tangan lan ing wadon, pada wuninga wuga, suka phalanya, ring hasthananing patemu tangan, hapageh sang purusa, marapwan pradhana tan gingganga, apan wus sinukan manahnya de sang purusa, pinahan bhusana dhana, lawan madhura wacana, ta yangken kama wreddhi, hika dhana ryyangken purusangkara, duk tiniban dana, ya pasukning purusa tuwi, tiban ikang wacana wetunya karungu lawan karasa, ya kama wreddhi, mangkana upamanya hatambeh enak karasa de sang predhana, hamepeki carira, tuwuh aranana purusa, mangkin weddhi palakun ikang punggawanira tekeng tanayan tani, tan ana kurang tan ana luwiha, pada weruh wineruhan, hikang purusa lawan predhana, hikang kawula lawan gustinya, ya karananya sang siniwi tan

pegat acadanga pahiyas sabhan enjing ring pasabhanira, apan asanggama satata juga sira, yan ing yawa wetuning pangrasanira, tibeng kadang wargganira, mwang tekang kawulanira, makadi punggawanira, yaning dalem haning swaminira, yan ing pasamuhan ring pamegatan byawahara, pakenca, karane tan panuting kala prawani, Cukla lan Kresnapaksa, apan asanggama, nga, hajarnya, mang de haru haraning bala, luwirninya, yapwan ing casti, mwang astami, tumut sang catur daci, engetakena tekap sang hyun amicareng pasanggama, matangnyan tumut tang Sang Krettha, tan pengucapa wyawahara, ling Bhatara Hanu, ring tri parwuwani, ling Sanghyang Sastra Sarasamuccaya, tumut Sang Kresna Cuklapaksa, pancadaca, tatan wenang kala dina mangkana, amara krettha, drak giliren itangen, masanggama, nga, hanibaken, kama ngaranya karep, yang wekasing raga, pinantibaken hirikang wwang awjawahara, ya ryyangkenang pradhana, ya tak karananya tan wenang lakonana, apan alah temahnya, yang ing prawani haywa uge kahunguwaning hamasanggama, apan pasamuhaning si lobha, yan ing carira, hingkang kareping si lobha, ka, tunggal dukira sang krettha hamegat wyawahara, yaning katara manawa, sedeng hira Sang Kreta sinawiteng pamalancan, hasedep ulahira hamanis, pamatinira Brahma Durgga kalanira, sang diptanya, ring para kretthana sthananing Durgga kalasamuha, matangngan tulusa tan wenang hiprawanining kala unggwaning pamegat bejawahara ryyang kenang Durgga hikang wyarapregas asungsut, ya sengka halikad. Kalaharane kroaha, wujarakereng sama manung hahala, matangnyan hana purusa predhana, kunang Sanghyang Agama, sirangken kama lingga, tan pataleteh, sang Kretthangken purusa, dukira hingaranan tan panolihing jagat, las wijilira, kunang hikang karep ryyangken kama, tumunggali Sanghyang Agama, ikang karepning wwang hawyawahara, yayangkenang pradhana yeka pwa mabener de sang Krettha mametwaken rasa SAnghyang Agama, matangnyan suka hikang wwang mawya wahara kalih, pinanjingan dening hakasning cwara Sang Krettha harereh ya ta tibani Sanghyang hagama, yawat ulihanira humikita

wrasa, sangkanya pinegataken, wus cirnna tang rasa winetokaken, ya hingaranan pamegat ling ikang rat, hikang likita kirtti sang Krettha, mangkana pasang siptanya, ka, yan purugakena hikang kala prawani, rusak hikang bala hajarnya linging sastra, yan ing pasanggama, cacad, wetoning rare hajarnya, makanguni letuh ikang carirajarnya, ka. raray, nga, ya rayya. Raryya, nga, ya pararyya. Pararyya, nga, ya pangheban. Ya paunggwanan. Ya pasewitan. Ya pasasamuhan. Ya pakumpulan, Ya para. Ya hakweh, Ya bala, Ya pika mangde gusti, Ya sang siniwi. Matangnyan dirbbala juga wadwa Sang Prabhu temahnya mangkarneng casti, yaning caturdace, durbbala kadatwan aji. Yaning pancadaca, wadwa Sang Prabhu durbbala, nahan alan ika, yan pangucap-ucap pawyawahara ring prawanikala mangkana, kayatnakena de sang hamawa rat, makadi sang krettha, aywan aguywa-guywana mahajeng i rat, mwang wyawahara, iti wyawahara tan inucap, maka kemitanira sang amawa rat, mwang dharmma dyaksa papatihira kunang.

Nihan deyanira sang mahyun hangucapa sastra ring ringpasamuhan, den adangan cwaranira, dan aparigel tinegak ing wacanan ikang rerepihan saking sabhaning deca-deca, atereh cwarani sang hamamaca, sahatatasakinang wacitanya, mwang weruh dwajaning surating lyan, rowanganing pamukting praja, aywa ta tan pamiwekaha, hikang papatih lawan mangorinira, makadi sang sinewa, kunang tingkahing dwja wacana ngaranya, de sang madamela karuhun, yan sang hadi mantri samya, hi sor juga pangalapanya, lawan munggahing madhya, tatan wenang ngi ruhur, yadyapin tibaha ring samanya mantri, towi ya ring kawulanya, mangkana juga sthananya, nguni-nguni yan sang ratu, munggahing karuhur sira ring walikning sastra ring pamekasnya, tan kasaban dening wacana muwah, mangkaneng krettha retya, yadyapin mangke de sang engeting krama, mangkana juga sthananya, apan manut hunggwaning catur janma, kunang tang Brahmana tan pahin dwajaning suratira hiku panengeraning semitaning wwang mamukting prajanya tekeng manguri mwang papatihnya, yan ana dwaja manghana,

yogya tang punggawa tang mahamantri mwang manguri sang adrwys mamiwekaha, de pun weruh katengeraning wacana samanta mantri, apan mangde rahajing yan rungonen cararaning tulis hiku tibanya ring lyan, yadiyapi munggaha ring pamegating byawahara, tan salahe prayoganya, apan iking urip nitya sahuruk-huruka, phalas si matra katerwana kulahing sang siddha manguri, duking krittha samaya, apan ulahaning mangawula eweh pisan dening angantyani tuwan, apan agampang yan ingucap, eweh yar linakwanan, yar turung wweruhing cesta, ri wetuwaning cabda sang sinewa, lamun ana pwa sang siniwi weruhing sastra macarireng praja, kaping ro weruheng pariksa, kaping tiga weruhing kawula kasyasih, hatun hanambadani kawulanya, kaping pat weruheng dhana tumibaken, tumingka heng swakaryya, yar mangkana hage kang carira weruhing naya sang siniwi, sahulahaning nisba kapangguh, apan dinukan dening cabda manohara, tan padulura caba caphala, mengumanumana, yayatah sesepeng hredaya, karasa-raseng handapura, de sang samatra mantri, makadi sarupanya, apan acring hinuruking wujar manahara, yar tan juga mangidinga ujararadin, agampang denira mratingkah, yapwanyan tibakening wyar anguman-uman ring purwwaka, kaping ro dinawan dening tadahnya, nguninguni kajatinya, makadi mala-malanya, makadi kawit kawitannya, ring ulah sang siniwi mangkana, yeka ta weruh ngaranya, tan wering tingkahning suka dukha, yawat ti paripurnna hawanya, manawa tan katoneng jaba laranya, manawa soreng nabi, manawa wis atilar sang mamangguhaken mala pataka, manawa juti ri manahnya, haywana hanibaken ujar mangkana, ka, tingkahing dadi janma, tan luputeng lara roga pataka, makadi suka duhka, yawat mamangguhaken pamuktyan, ya dyapin sang Brahmana, hatawa Resi mwang Prabhu, tatan luput pwayeng suka duhka tinama, ya mangkana kacaritanya, hana ta Ratu Sang Purmawijaya ngaranya, Ratuning Gandharwa sira, tan kurang ing sarwa suka, yapwan tar luputeng lara di tumekeng sira, apan pada maminta bhukti, phalaning hala tansah katemu, phalaning hayu tansah pinangguh, mangkana linging sastra, yā karananya mangke tar luputeng suku duhka,

iking wwang, ceda, tan ceda, mwang sarwwa bencul, mwang si purna, lanang tan lanang, mala tan mala, lekok tan lekok, mangkana kwehing mala, haya sering hanjungjung malaning wong saprakaranya, ya dyaning wiryya towi, apan kadyangganing pati, hana mati sakalwiraning kapangawan, hana hanggawa sarwwa lara, hana matuting pati krama yukti, mangkana margganing mantuk mwang rawuh, rawuh ngaranya metu sangking bhagawaca, mantuk, nga, mati hangeningi pagawe hala hayu, mangkona tang sakryyaning carira hakweh wijilnya, apan kadyang ganing jambe samayang, yar tanduren tan pada wohnya metu ring dhaha, sarupa-rupanya juga timutnya, yeku tan dadya pwa yayan angucaping kawula, taprahara kaywangrundahaken kang wus ilang, apan ikang si mala hakweh silumanya, hana wus lungha, hana wus kawasing caksu, hana durung rawuh, mangkana kramanya, kunang ulahing mangawula, eweh temen hangantyani sang diniwi, tawuriping carira, nitya sama wuruk-huruka, ya sari-sarinen, tarkka-tarkkanen, rowanganta ngucap-ucapa, aywana wwang sarupa-rupanya, apaning angucapucap, ka, eweh temen tang wwang tingkahaneng awarahwaraha, yan tan pangucapa, tan tuminghala, tan pangrengoha, yeku tang wwwang hakolok punggung, nga, tan weruh yan margganing carira rusak, mwang pasaha kadang wargga, hasanak pasanakan, mangka phalaning wani hapunggung, ya tar weruh pamarantyaning lyan, haywana meneng kaya watu, yan ring cila, yan kena dening mangiring pagehnya, yogya tirunen, hanging haheweh, pageh ngaranya, manuteng krama hayu, hanging eweh ti tresna juga sumaputing kading wwang, yogya lanji-lanjinen, yan menenga kaya toya jugeka tuten, duknya umili tirunen, solihaning macarira lakonana, den alep rehing pasebhan, wuruken juga, palar si sadidika tirona, apan iking wurip kalayan mawuruka, yadyapin manadah manginunma, masanggamaha, den pada mahalep, rehnya, yadyapin mapranga, tan katenger yan jerihira, apan katwatwan ikang kadhiran eweh pisan, yen ana pwa sang tuhu wira mati pwa ya ngkana, tan urung mulihing hari puraka caritanya, kunang yar samaneng

carira hantu ring rana, tan urung hatakerang yuddha tinuteng kadang wargga, ranyaprang ring rana, phalaning pasukannya nguni, makadang mawargga, phalaning tan osah kanden apakayeng tuwan, manuteng krama yukti, wus atila pagawe hayu, masa tan urung hanemu wallabha miwah, yadyan walaka, pan kalaning urip tan pandiki ni manah angkara, magawe rusak ing kadang wargga, tinutdening kadang wargganya, halit pasukaning kadang wargganya, hatyanta ramyanya saka senengnya, halit ramyanya, apan deyaning macarira janma, den weruh ri kadang wargga harepot lawan asugih, den kadya sasanya hingganya ring wawang harepot, sadiri juga lumaku, matangyan kapangguh sukaning sadiri, yan akweh rowanganta, mahyun ramya tinoning rat, tumamaheng wwang arepot, phala tar katemu sukaning Carira, lamun si kurang semita, a diwan tan urung pangguhnya, ya karanannya sinari-sari hasi sinawure Sanghyang Sastra, nyuniweh hang lawadana ring sumitra lawan sanak prasanakan, di kalangan pangguhaken bhaya laragring mwang pati, tuwi hangarepaken karyya kasukan, kadyangganing mawiwaha, mawarang-waranga, makaryyambaligyaha, narppana kunang apan ta kabaktyaning pitaro dewa, mwahi kewalya hassanyaha, mangkana krama syukti, makadi ri Sang Pandaya, tatan dadya sampeya ri Sang Mahapandyas retenyan amanah mangkana, apan sira, Sang Panditya yogyaha pitukunen, yan ring kula kawongan tan ana kadi Sang Brahmana, sira huttamakula, sira juga haruhur kawangciyanira, yan ing uttama, tan ana kadi Sang Ksatriya, sira Sang Prabhu ngaranya, yan ing sastra SAnghyang tumkara pinaka lingga, mangkana linging sasra, mangkana solahing macarira, den engeta ring hagama, kadi solahing hawakta mangke, haywakweh pangrego kadi kajar rumuhun, tingkahing braticasananira, yapinaka doyanta lana, apan rehing macarira, kadyang ganing siwur cantel tibakeneng dyun mesi ganggha, dening sringnya parakakena, tan urung kantepa, kewalya tan mangd de karusakaning dyan ika, mangkaneng haprasanakan, aswami, harorowang, hawiradya wuga, anging haywa kadurus deralpa wacana, ring sama samanta, yan

tan wekasing maha wirang, mwang rajapisuna, iku yar henengakina, tan urung mandya ruging carira, yan mangkana, yogya wali wayanana, ya karananya winalik-walik mangkana, enget atutureng kuna-kuna, ri patungga-tunggalanya, yan awakta tekaring bali sah sakeng Yawadwipa, karanya pineh jugekang carira, walika keneng twasing kasadhun parananing Carrira, cimuamg lema uacalatala romg are] . malar si katututana, apan iking carira mangke tumuwuhing kali tinuduh de sang atingkah, mandra-mandra hikang wirodi bancana sumarambahing Carira, akweh ikung pisuna katonana, hana rin kadang wargga mitronggwanya, hana pwa wahu pinasukan de rakyan, yayatah semitanya hamungil hananil, hadok ring prasanaknya tuwi, den angken awake wus sinung genah de rakyan, mangkin halucu hacumbu sinitanya, kadyangganing we hinuruk hanunggangnga kuda bhinusanan tuwi, tinonṭoning para makhweh, tan byar pamangguh wirang, apan suka juga manahnya, tinon dening paramakweh, lalita yeng hawaknya, suka juga ya hamangan hagramus-gramusa, hangiwa hanengen sumanggraheng tutuknya, mangkanopamanya ikang wwang wahu sinukan de rakyan, haronggo polahe, tar weruh yan awaknya samakena lawan wanara, yadyapin ginenaha munggawaha, hayo mangkana den enget juga kadi kajaring unyamasang semita, apan sibhagya tatan lanaka, harang yar lanaha, yeku karanya hininget-inget ing hajnananira sang mamangguhaken kasukanyawat kawiryyan, kunang hikang carira yan sumawiteng mahamantri, ramun tan hana suratning lalata, hikang horat, mangdarat, tar parat, ya hika hajarning pakreting kuna, yan sinurateng horat, hana labha kapangguh sapanganggening carira, yaning mangdarat sinurateng kaphala, akweh suka kapangguh denya, makadi katon ing rat solahnya, hiniring dening padanya janma, yawat kuranga pangrasa, maler kinatwanging jagat, saksat swargga sakala, suka marabi hakweh hajeng, mamangan anginuma bhusana, manak akweha, wiryya juga ring grehanya, akweh daca dacinya, mangkana phalaning aurat surating kaphala, kunang hikang tar porat, mangga ya mangayuhakin awaknya ri rakryan,

dening wisaya halalaku, makadi weruh ing inggita, mwang cesta, weruh cabdaning pasebhan, makadi wis waneh sumabeng catru, hyunya yan amintaha sinung genah de sang siniwinya, iku wwang mangkana kewala kenatwanganing jana kajarnya, tan wwang gawenya kadi pagawayaning wwang mahutang hutanga ring ring wwang pradhana, manunggu-nungguwa hartha, saulehaning kanista, manaka pagaga sawah kubona tuwi, yapwan muliha ri sang pradhana, angel denya habungkaha pritiwi, tatan utangnya pragat, asing wunggwanya magingsira hutang tan pigat juga ya, meh pejaheng potangan, mangkana hikang carira, ikang sura juga ya tinuting carira, apan ikang krama nagara, yan tan sumawiteng haji, hala rupanya, yaning thani mandala, yan tan ninditaha ring Bhatari Prethiwi, tan panadah kajarnya, yadyapin ring nagara towi, den pada ninditeng prethiwi juga, apan ryyangkenang hibu juga ya, panangkaning tadah angge saprakara, sang sinewita sira ryyang kenang bapa, mangkana deyaning nagara, den prayatna, manawa wwang mahati tadhu rupanya, hasilurup, harepnya hangroha kadang wargga, hiku ta yogya depanana, den agalang, sangkane haywa kadures katukar ing kadang wargga sapakraman, tonen ika sang hundagi, harep Pamadung kayu hagung, kang ahubarenes, ahangkir, tinunggu dening tonya magung, apan kenarepaken pisan ginawe palungguhan, tatan pegat denya masangi Carana mantra, pamatuh lawan papasah, patundung pisan, linandepan wadungnya, hasari sari ya mider-mider soring kayu ika, lingcenya met padapa harerena, tan ana juga pangalaha ring tanya, tinaneman hikang carana, tan ana juga tonya, binabad, tinunjelan sakeng doh, kinaryya yan adhamening apuy, yan padang making, telas pwa ya tinon suketnya, pinahapah hikang pangnya, tan ana juga wikaranya, winadung ya, nircesa tang kayu magung, katemahannya saparepurnna, tandwa tang ikang tonya, tinonya wus brasta, paksa hangrobheddhani, wus kinen mantra luhung, binresihan ta ya bhinusanan, wus winehan caru, kerang herang tikang banaspati hanantuk amikarani, teka welas dening mantra cakti, paramarthanya, gumingsir sang banaspati, sakeng pangu-

bane nguni, nahan balanya makwahan tan hantuk lungguh, salakunya, matangyan ta girang sahundagi duk angrubuhi kayu magung, apan norana kawicesaning tonya, nahan mangkanopamanya, ikang wwang ginenaha munggawa rentebing kadang wargga, pinasuking mantraning lyan mahottama, ring cabda madulur dhana, kari kawewegen tan pakaryya, apan huwus kena benecah, ka; ikang carera yan huwus kena saking upaya maya, tan urung maprang lawan sanakira, tan pangudili, kewalya, hawak gumulingi lemah, hana cesanta, pinangan dening wwang mahati lobha, hana linungguhan, kasyatih tikang raryalitira, ngunngun tikang stri mottama, nahan tang rajapeni, ratnadi, hastradi, yapwan tiba salaya-layanya, kadyangganing lalayangan tan pahapus, haseng hunggwanya tiba, mider takawetunya, sangsiptanya, tan salah hinujarakenyan masaning kali, apan salah akweh, singka makweh, sarwwa bancanakweh, sumarambah ikang cabda tan patut hawor areged, yan ana wikaranya, yan tiniban dening bancana magong, hana ring prasanakira, leheng ta ya teka pinatyan, kalisan ta ring hawulah salah mahottama, yan hurung mangkana, rasa-rasanta, yadyan ujaring makweh kiringana, pilihana, kadyang-ganing mangan sakawenange pangan, yan maguwe landuhing kadang wargga carira, ya turuten, hangidep kadi kasatan, hanginum gendis, hangising puwaranya haleleran, ikang sarwwa godong hatikta juga hidepen, waras puwaranya, yan kena ring hapusan dening sarupanya, tan urung hikang hawak pinari hunggwan, nahan tan caritanen larinya, muwah waluyana hikang kajaring uni, ikang wwang wus sinung genah de sang siniwi, haywa ta kita laliya ring kadang warganta, yadyan ing tani pradeca, nguniweh kapareking sira, tulusakena wastuning ganita maring hasawita tuten margga kang hanengen, panewitanta, saha mantrottama ring tengen, apan sira ta maka pangubaning wwang sanaknira, samudaya tekeng tani mandala, pituwi pwa kita dinawut gawenin mantu hipeya, winehan stri, hayan arega jendul, den engit ing kula gatranta, apan pinaka suku tangan, cangkim kamna, mata hirung, dada gigir, bahu mwang cirah, hulah maring rakayu, anahanya ta tu-

lusakena sawite jong ta mantri, haywalpa bhasa bhasitanta, haywa sugal wacana, kidik hulihanta, kedik sungsungta, kewalya ring cabda dalemnyasihira, temen maring asingid, tanja sinanjayan, mangkanang ulahanta, tan kaciryyaning akweh, yawat doh lakunira, tan doh sihira, hang hing den pada weruh kinaweruhaning semita, yan waranga, mantuwa, hipeya, nahan dadining hasih, yan asiha salaya, masa hana gawene, hilang hikang kaprajnan kawiwekan, kawangan, yan parakakeni wwang sanak kang muddha punggung, upamanya, kadi gajah winahan cremin, halit katanya, kadyangganing hasu, winehan manganeng pangkwan, masa hana pangrasane, kadyangganing wok winehan gandha marum, kebo sapi, nang wre, kidang samsam, nang lutung, luwak, nang burwan alit, mwang mong, winehan sarwwa bhusana, wus tan pakaryya hiku kubeh, mangkana ya, yan temwakena lawan wong muddha mapunggung, apan ing kadhiran, kawiran, yan patimu hakeneng pada kulanya, tan urung sucirnna karo, kadyangganing dyun hingadu, pada tan ucapen. – Nihan ta waneh, deyaning wwang arepa ulaha rahayu, yan kena dening mangiring ri kadang warggagung ademit, yahya wus ingubhayan maring atut, tan tinurut, tinon pwa Sang Wibhisana, tilar ing sang kaka, Maharaja Rawana, pinejahan de Sang Rama, ulihaning sang kaka tan arep ring rahayu, den mimiti saking tan yukti, ri telas ika Sang kaka, matangnyan sinocaken pitaranira, mangkana sipta Sang Wibhisana, kunang yan ana halaning kadang wargga cring deny aweh lara, dumeh ya sinerahakining Sanghyang Hagama danda, lawan tilaren pisan, sawunggwanya, sabhagya mene dlaha pitaranya sinapa ring saji-saji, mangkana wulahanira sang marep ring rahaya. – Paran te wekasning kasihasingid cinaritaken, duking patemu ring prasanakira, yapwan patemu tangan sira, sedang nira humalikang ulah salah dangu, karasa-raseng dalem ing carira, wus inuduking pisuna, sinaputaning manah jeneking wini, wekatanaticaya hwe swacitta, hana ring ratri kala hana ring paturon, ring dadalan kunang, ring pasanggrahan, hingan juga denira, tan katenger yan ing para, margganira patemu hasih, wuttama

ti yan gawenen hubhaya lana, sahasaksi, dikara lingga, yan wahya juga sadulur pisan alilitaken sih, tan urung hapasah, apan akweh wetuning hala, tan tutug ramyaning sih ring carira, hana ta sang ksepanya, ratu rwa sanak kawaspadanya, Sang Sundopa mwang Sang Pasunda, hatut adulur asih temen, metu sareng manjing sareng, kadi naga roro saleng karatonira, liwat denyasih asanak, silih iring, tan kataman agele-geleh, wekasan hana ta pabancanani Hyang, ikang histri satunggal, teka tiba hangunggahane Sang Ratu kalih, yapwan matukar Cri Maharaja, mati pwa ya karo, tanawa mur hikang stri, apan pakenaning bancana, mimitaning sih pisan, apaning raga tan ana kadi sih lawan elik, tan ana suka kade hanggameli histri hayu, apan katon ring larapni tinghalnya, bungahning wadananya, ya tan urung mang de rugning makadang mawargga, apan wekasning wredaya juga, manuntuning ala hayu, iku hengetakena, hasing rumuhuna angalapa, aywana marebutana, mangkana dharmmanya, hana tasang ksepanya, Sang Panca Pandawa sira, Sang Harjjuna panlahira, hasih pwa hapasanakan, kasub ing jana pada sira, pinaka prasastining bhuwana, linanggana ring tengen, hana ta wadonira satunggal, Cri Dropadi panenggahing rat, maka stri de Sang Panca Pandawa, yapwanasing rumuhun anggamela, tandwa praptekang pungkur, bhiprayaniran papangguha, apan kapangguh wus ginamelan dening sanakira karihin, praptekang pungkur malayuwa, tan arep mangrebutana, mangkana lenging sastra, yapwan atut adulur sira wekasan, ika ta yogyengngetana de sang mungsirang lak maring rahayu, marapwan sang mahantri, prayatna pwa sira, apan ikang stri pawaking hupaya maya, mwang hikang ḥarebut bhuwana, mwang kasucastran. – Hana ta waneh, mimitaning rusaking rat mwang carira, wwang matukar, manuju hana pawekasing wadon, kaping ro pegat ulihing wicara, kaping tiga pasah dening pangaduning wwang lyan. – Iku ta mahaprayatna sira, wus pinrayatnaken, rusak jugekang carira, ya hika mata ngaranya, kadyanganing cacih kata, was metu pwekang lintang wuluku, kasa, juga ngaranya linging sastra, mangkana hi masa, tar kawenang juga dinohan,

donya tar luputing samaya, hala lawan hayu, karananya hayo hangidingaken hujar salaya, ya ta hikang hujar lawan wretta, karengo lawan umulat, karasa lawan inucap, kangon-angon lawan wyakti cihnanya. – Haywan akadat dening alalakon de sang makamantu. – Rikalaning kalisanghara, mangkana tak pratingkahira rumaksa ring bhuwana, den ana maka pupusing jala kabhawaj nananira sang mahamukya, yadyan ing mamitra-mitra, aywan apasang hupaya, wyakti kabratanin juga de sang karen lanasumitra, apan tan urung mangde syuhning pamukty anireng dlaha, aywana kurang pracidra ring galakning Catrunira, muwah ring sarwwopayaning lawanira, maka nguni prayatna ring balawargga, apan akweh kang rajapisuna, umasukeng jroning pangastryanira, ndoning hana makapupusing jala kang kabhawajnananira, iti yudaha rajye prayatna. – Kunang wakjana muwah pangning wacana, yan ana pwa wwang marebut ikang kasucantranya, margganya pasahakekerengan, hikang sarwwa brata pinaka dwajanta kabeh, kadi kajaringune, enget akening kamantrinira, de sang samanta mantri, katekaning hamangguhaken kawiryyan, ayo hadalanamurang-murang laku, nguniweh aywamidengeting hujar dudu, manawataniya, den pada pintona kabhawajnananira, tatan sakeng doheng hunggwan, telas hinucarakeneng cewalapatra, tatan pangene hikang, dak hawakta pintanakena, tumamaheng sang ginaweng ujar ala, nahan dayanta rumakseng kali, ring semita lawaneng palah, makanguni lwirning brata nyeng tunggal kawangcanya, lwirnya kadyaja rumuhun, tan pamangana wijamaya, tan pamangana hiwakeng goh, mwang kitiran, tan panganggowa sarwwa bhusana kresna tulya, kadyangganeng kampuh wastra, kawaca, kunang yan awedihan nguniweh madastara, kawaga hika. – Tan pangunguwa krawang, tan pamugera rare tengahing yaca, tan apanjaranang raray tengahing yaca magalar ikeng panjaranya, tatar wenang hika, tan panandura pari hireng, kadyangganing hinjin ika, tan pangunguwa camra cemeng, satha hiring, yan kalaning urip wenang mawiwa han uttama, tekap i sang madameling uni, wenang mawaranga ming ro, wenang mapayungpayunga, hangu-

runga kuda, mwang hanandang kapatihan, kamanguryyan, kalaning wiwaha hapayung paguta, hatapiha giringsing, kacawata kunang, wenang hababalyan guntinga rare, hawwata ma mahira, jajangana kunang makacaruning raryalit turung hakupak, wenang hanglepasa hawu kalaining rare mahuntu, maranya ramyana kalaning rare tigang ulan na mileh kunang, yar tekaning pti wenang maranya ramyana, tekap isang madameli karuhun, munggaha tang Ciwa ring salo pring gading tulen, yan wreksa kelewanga, tan patukub, yan tariba, madamara kurung, akura mas, ameta wayahening, kunang kusunganing cawa, munggaha ring paccira, yan ingera towi, pinitikan hikang cawa, mangkana paniwakanta, wenang managaha banda pinatek patuting Sang Mahajawana, Sang Mahaciwa mamateka, mangkana deya sang madamila karuhun, wenang mati hungiringeng wadon, wenang manglawadana hawunya ping tiga sawengi, wenang mamanunuwangke, wenang hangingu pitre handinanana, hanemang lekana wenang hanarppana pitre, wenang hambaligyana, wenang hamunu sambetela, wenang sinisyanan de Sang Ciwa yan Roddhaha, Brahmana sira kalih, wenang munggaha pitareng bukur agung, teka pisang madamela ring purwwaka, wenang maswamiya sanak amisan, wenang hagundikanakaning manta mantet, nahan parakena de sang manemwaken kawiryyan, gawenya hanglulura hawak kalaning adyus, hangungkulana sirahira, haywana sirah kangkulen dening Sudra, ndya lwirnya, kadyangganing mamepetana, mangaramasana kunang, masusura tuwi, mapupur-pupura muwah, aywana sirah kagarayanga mangkana, nguniweh tan kagotran aneng cudra, manggotranana mantri juga, apan susud tang kasiddhyan drnya kunang cirahira sang mantri kagarapana dening cudra, ndya lwirning masanya, yan sedangning duhkita carana, makadi wikara saprakaranya, lara bhaya tuwi, yan tan mangkana, haywana sadya criah ginamiling cudra, manghana casana sang mantri, hung hibunya tan wacitanen, wenang sang mantri sinembaha ri janma dwi statana yadyan ing uni katekeng mangke, yadyaning gina hati kang wwang cudra, haywa hangangge ya dyaksa wwang mangkana,

utawi yan gawenen histri lingganing kapatihan, hala temahnya, dening tan pantuk lingga, mwang hunggwaning semita, haranggo hacemer ujarujare, masa hingajenana wong sanakira, lamun si hana gudinge, sangkane tandingen, wehana mangku karyya jabaning nagara, yan istri wehana jabaning paturyyan, mwang ring tani histhananya, kunangring nagara, nga., kang pinaka linggalingganira Sang Prabhu, yeka janma nagara, nga., apan pinaka rentibing kadatwan hika. – Makadi mamwatang kaparsanera Sang Prabhu, mwang hapatih. – Kunang hikang tan wenang manunuha wangke, Sang Cudra sira ngkana, apan ikang Brahmana Ksatriya Wesya, wenang haranana dwijate sira katiga, ling Bhagawan Wararuci. – Kunang kramanya yan pejah, haniwakaken para samangke, cinarwanan pari roro, munggaha ring papaga, tatan maramya-ramyaha, hana gamanya wangkenya tan palanteya, hapangawin ababi hagung, pacul kunang, mangkana tang gama cinaritaken, ngune-nguni sang mantri wenang hatunggalan pancakanggwaning hange-sengi lawan swaminira ngkaneng sasana, ka., hikang gama, haraning likas, mwang hunggwan, sangksepanya tan ana kwehning marasnyaramyana yan angde swargganing hatmanta jemah, tan magawaya purnnaning carira, kunang yan angungkulaken hana papanya sang pitara, apan tan decanya hika, apan kadi wahyanta mangke, tatana hikang mantri handadi ya Sang Ksatriya makadi ya Sang Brahmana, yan awaknya jeg kagyat mangkana, yar tan sakeng tampaking pakirttinya, kadyangganing potrakanya sakeng wadon, kunang yar lungsur akweh, husan dadi mantri kadya cariteng hajeng, kunang sang samanta mantri, yan atilar brata, ring uni, kakwehan den tilari, matangnyan prabha wus hilang, cabda wus hilang, harupa paran sira, lamun tan winalinan, apan wus kalungsur bhusananira, semitanira, ginanira, bratanira, bhasa-bhasita nira, donya winarah juga wekas santananira, mwang potrakanira, pinituturan, piniheran uga mala-malar mamintuwu hawarah yukti, ya tan pangidinga, enget ing hawakyanungsaning luhur, yawat tan humidepa sastra, winahan kewalya bratanira wuga, hiku kang tinunggu, abecik hanut gunaning

wwang hatuwa maring rahayu, malar katularana, ya geting tan pegat, nga. – Kunang si bhagya si tan bhagya, si wiryyawan, si tan kawiryyan, si suka bungah, si maramya-ramyan, si hakweh babali, si tan akweh, si hupacara makweh, iku pwa tan kena tunggunin, apaning sarwwa kasukan, sarwwa bungah saprakara, sarwwa suka saprakara, kadyamnawapamanya, kene pasang surud, kunang kang tan wenang mintara, yawat si tekaning pati, si brata juga ya tumut, kang pinaka pangantin kena, kang kadi kajaring uni, apan ikang babali, maka dwajanang awurip, wahya suka katoning rat, ramya dening sang mantri hakweh drewya, sepi de sang mantri tan akweh drewya, sawulihaning anista mangde babali, kewalya ken ta sacawa sang hanista, kunang hikang mangiring, tar dadi yar tekeng para, hikang pagawe hala hayu, matemakan swargga maraka, lyana sangke rika hasing juga larinya sabhage yar tutugana kadi lekasing mantri lewih, yan ana maka hanggyane, den prayatna, ya norana, den kadi hananta wuga, yadyapi pendema towi cawa sang mantri, tan ana bhayanya kapangguh, tan ana hayunya kapangguh, apan wus tan ana kang hinulatan, kaping ro tuna dening tangan suku. – Kunang sang hyan angarepakin kretta, aywa sirangrundah tataning lyan, manawa hurung hawas ira ring tataning catur janma kang goninura tumut sabrahmanda sthananira, den atakwan pahenak ring sang mamang hulihing siramet bhasmya, apan ikang hakraman, wulih cawanya ring prethiwi, kunang hikang jana triwarnna wuliha ring hagni, mwang dalening ksirarnnawa, haywa salah parunggu, mangkana pradataning wasita. – Muwah krama sang mantri, karananya tan tegepa patang papali, ring urip mwang katekang pati, apan ulah kang susud tinutnya mangkana, wus sah saking nagara, kasasar pwa sireng thani pradeca, yan an pwa hyunanira, wenang mamanguna patapan solihning arepot, apan suneka rasa-raseng hantapura, yar wus telas padamel nireng kuna manuting ahayu, ya karananyan pamanguna hupadeca, uwus pwa ya ngenani, wenang pamujaha sang mantri, mang kano laha Sang Wesya, kaping ro sunggwananira, yadyan ing nagara, yadyan ing thani pradeca,

nguni-nguni yan kasasar tibeng gunung wenang ta ya manandang agagasawah kubona, mangkana krama Sang Wesya, rahajeng yan moruka sastra, weruh ring bhasa-bhasita, suka kasasanja maring kadang wargga ring nagara, weruhanta tindaking nagara, karengo krayan tumona solahing janma ring nagara, sobhagya hanang keswaryyan sangkeng tangan, uttama hana bhisekane, lumang langa ring nagara, weruhangajeni hingajenan dening sanak prasanakan, dening rama-rama, nguniweh pinaweruhan de sang sinewita. Aywage pati samba-sambahi, den atatakona ring katuwanta, kang yogya lawan tan ogya sambahana. – Hikang wwang atuwa, deneng ata mamekasi kadharmmanira, kadyajaring uni. Den apangadanga kawanin, manuteng krama yukti, kacadanga sastra mottama, maka pamegating apunggung, ya tan mangkana cabda den abecik, enget yan gantyaning sor dadi munggah, apan ikang kali wreddhinya mamukting jagat, pada maminta bhukti phalaning yacanya nguni madhana punya, hikang carira, mamukti phalaning tan anuting yacanta nguni, duking sumantri, ka., kakehan papa karmma bhinukting purwwaka, mangko hi ki carira timahnya, apan wus ararad, handadi ya janma halit; halit hatemahan hilang, hilan maring indi lakune, mulih maring tan ana, maring tan ana mulih maring punah, punah tan ana bhise kane, tan hanang haji karengo, cabda hikang ginawe papan, ya mulih maring sor, meh tan inucap, kadi pawakning cudra hikung carira, kunang yar weruh ing carira wacita mangkana, kewalya brata ginegenira, lawan tindaking wacana pangaweruhanta, yan janma tusning mantri, hana pwa semita kapangguh denya, sedengnya gorwaweng sabha, saha pranamya, matalang kupa tangan, hinganing nabhi raketnya hanging halingana hikang wwang sinapanta, lawan panganuma-nanta, tingkah ikang brata lawasing cutakanira, panca daca hi inganya, parimananing dinanya, tatkalaning kadang pejah, rinungunira, kang cutaka cinutaken, matangnyan haywa kumana hawaknira ring thani balaka, thani ngaranya, deca kang tan genahing wwang hamara krettha, tur kang tan amawa panjenengan, yan ing carira, nga., hikang carira tan pasemita, tan pabrata, tas weruh ring kadang

wargga, tan weruh gamaning carira, tan weruh kang sinembah lawan tan wenang, akolok ring pangucap, ya ika, ya iku, ya iko, sampun kacupwang hawaknira wus sor dening cudra, yan ing satwa codraning cudra, nga., camra. Apan wus tan pakrama. Kunag yan enget ing karmma, yadyapin ahuruka gina, haywa nambut gunaning ajagal, apande masa, hamorong-morong bondan, ayo jenek ing kana, nguniweh aywa jenek ing guna hasta candala, haywa bwat tibaha ring handadya dagang-dagangan, kang adol awelyan, satata maring decaning adeca, den awalya-walya hinget ing kamantryan, kawesyan, akweh yan candanen, tan anana kang wwang terus tunjunga, tan ana juga mangkana, yan kalaning urip, si suka duhka ya tumut, sumalahing carira, salah ulah tikang pati, salwiraning kapangawan, yeka tan kena dinohan, apan tan kena pinilihan, yawat sang mamangguhaken kawiryyan, tar luputeng sarwwa marana, mwang tan luputeng pati manuting kapang awan, aywa durus angguywan-guywana tumwaning wwang manemu lara wikara, nahan donira wnastwa kening lepihan, apan ing wahya kacaksu mwang karengo, hana wewitanya hanista wekasan luhung, hana haluhung wekasan nista, apan duking panedeng nyahuluhung makadi suka, tan karasa yan awakta hawekasan nista, kewalya kacukan juga lingnya, manuwuki si lobha hang kara, mangkana rehning carira margganing surud, mangewer-ewering wwang hyun angucapa sastra maring hahayu, mangkana si nista hawekasana luhung, katasa-raseng hawaknya, ya nista, mahyunatmahana luhung, donya manuting kriya hayu, yapwan pagawenya panemu suka. ka., yen engeting krama, hayo haneneya, hangewer-wwering kadang wargga hyun ataki-taki mangucapa dharmma, kang manuteng dalam gung agung, yadyapi sarupanya, haywanjajar tindaking mati, apaning hawak walakatur ka ring kene, apan wyaktinya hikang walaka tinonta mangke, kewalya hanguverewera, ulahaning sang mangucap dharma sastra ring kayuktyan, den cacadi, hang hing wyaktinyang walaka mangkana, maler juga ya katiban lara bhaya, maler juga ya macwara katibaning geleh saprakara, maler juga ya kadi rwangnya walaka kang

durung weruhing naya, milet kakwehan linoknya, hana malem angadola welyan, kadyangganing halon-alon, yeka yar kalaning kali, akweh aminton pangaweruh, hana hangangken katona sang pitara, yeku gugujingan haranya, kunang yar kalaning krettha yogya rampasen hika de Sang Prabhu mwang kapatiknira, harane rumigep tan pacraya papa haraning mangkana, mangde haru haraning bhuwana, tan panuteng casaneng kuna, salah gama ngaranya, kaprayatnakena de Sang Amawa rat. –

Muwah sang palaka caritakena mangke, yadyan weruha tingkahing hacarira, makadi kalekasanira Sanghyang Sastra, ulahing upadeca, aywana kajog dening mawarah-warah, kewalya cadang-cadangen, pintonakena ri Sanghyang Mahabrahmana, mwang ri Sang karesyan lawan sang wering hupadeca, donya paleh-palehen ikang hulah, yan ana pataki-takinta, winintenakena hawakta, uwus samangkana, halandep kadhiranta, laris pwa ya kupadeca, manuting krama yukti, ite jujurning ta ki kupadeca, prayatnanen ika. – Yan kuwusing mangkana, sakwehing tan sadhu nguni, yapwan winalikaken saka wisayaneng ahala, yang wisaya culika, hangadol wong, saprakaraning hahala, yogya walikakena parakakeneng kasadhun, apan eweh temen tang ngwang yan anulakeng kawisayan, ya karananya sinari-sari, phalar katemwana hikang hulah haradin, anghing dene ling rehning hamukting nagara. –

Nihan tingkahi hangawula, den kadi sapi hangiringaken kang adriwe, ayo hanuwala hujaranira sang sinewa, kunang yan ana kadyang i wa hulahaning sang sinewa, apanyan aparek kang carira ring sira, den ana po day ahatur maring aradin, gawenen landuhnya makadang mawargga, takeng sumambada, haturana hupeksa, haywa wedhinen dan, yan turung adalim, yan tinurut hajage suka magong, yan tan tinurut haja hamaraken catru, lamun pwa sang siniwi tan acring hupaya gawenya ring hawakta, yadyan agung halita, yan agung hakweh binalnya, yan alit kedik binalnya, mwang rusaknya, heku panengranta tingkahing manghawula, yan acring juga mangkana, yogya kilaren, ikang wwang

mangkana, upamanya kadyayam wani, angeb i soring hilang duk apan yan kawulanya hantuk angeba, ya karananya tilara, kadyangganing lembu pitering tigal tan patrena tan urung ya pamegata hapus dening luwenya, kadyangganing wandu mwang kliwa, arabiya harep akweha, tan ana juga gawenya, yadyan sijiya tan kapjuk olihnya, kunang kakung mangkana yogya tilaren lingning sastra, ri sang sinewa mangkana, hacring denya upaya, makading juti denyang hawulaken, hacring pagawyarenduh, hangalap rumusak hatining wong, nang wadon, nang halas, nang janma, nang bhumi, pradeca, nga., tur doyan amimisis, yen ana mangkana, yadyan ing para sanakira, wenang salinakena de sang mahamantri, yen tan mangkana, yar tekaning kali, akweh catru kajarnya. – Muwah warahakena, hana ta upayaning catru kengetakena tekap sang hyuning mamukting praja, tumibeng hawaknira juga, tatkalaning kali, kinelikan dening rowangnya, pada mamukti ring jajahanya, pada hinupaya, katiban dana, lwirnya hana ring hipenira, punggawanira tuwi, mwang rama-rama, makadi sanak pasanakan, yogyaha ta prayatnanenira, manawakena ring upaya dhana, apan sawetuning ujaranira, wus kena rin pangindrajalani sang madhana-dhana, upayanya ri hawakta, donya mapaguh pwa sang mantri ri nagaranira mamukti jagat, sakenaraning sira, yapwan magawaya sira sumitra ring deca lyan, jati sumitra ryyankenira, yan sang maha Ksatriya, mantryadi towi, makang uni Brahmanadi, aingana sengkerning mitra gawayenira, satibanya dhana sang sugiheng kawulanira, yekopalaksanakena, aywana kadat, yadyapin adoha tang bhaya jaga panangkanyeng sira, yadyan sadaca warsa, pari minannya teka ta yeng sira ngke ta cadangakena, angadehade laku haranya, prayatna dening manguli ulih mitra sahantukaning anista, yeku ta pada kinaweruhan de sang mameta mitra, lan sang pinet amitra, weruh ing mamitrana sang sugih lan sang anista, kewalya subhaktinya juga lapen, maka sahayani sang pinet mitra, kapatyaning musuh gilarenira, sang sinangguh catru kaliliran, ndya lwirnya, sang umatyan aneng wwang atuwanya sakeng tan yukti, yadyapin salawasnya tan anang kadaca

warsan, kunang yan asalit sang pinejahanyang dangu tan ika catru kahliran aranya. – Yeka ta yan an wwang mamukti mangkana yogya maka mitra hade sang hinupayeng dhana, kaping rwaning mitra wwang kinasihan dening kadang wargganya, akweh sanaknya, wwang tan areged, yeku maka craya de sang maka drewyang catru kaliliran, den pada tangguha mitra, kadi kajar rumuhun, sang ratuning wre yogya tuladen, mwang paksi gatayu, kawa kadi sang kurmma mitreng hangca katatwanya, hana ta mitra muwah, kewalya kasatyanyalapen de sang mamitra, hana ta Sang Kalapurwwaka, sumitreng Sang Maharaja Ghatasuryya, dening pada kawisayanya, i we kasan pejah Sang Ghathasuryya de Sang Panca Pandawa, sor Sang Kalapurwwaka, hatemahan syuk cirnna pamuktyanira, kalinganya tingkahing mamitra-mitrana, yan tan pada kawisayanya, yan tan sama wuryyaning lara bhayanya ring purwwaka mwang ing mangke, makade yar tan pareksaning mamitra, ring sugih lawan nista, hasing mahati lobha tan parikseng mitra pasah phalanya, hawekasan cirnna pkalanya karo, iti mitra casana pariksa haywane kurang praytna, yadyapin makadang mawargga mangkana polahanta. – Uwus pwa hikang carira weruh upayaning sang sugih ring cariranta, mari sira culakeng kawulanira, mari hamangun wicara, kang wus patehing kadang wargga, mari hamidik drewyaning kawulanira, mari hacarub bhasa, mari hasamun pahitangan pamuktyanira, mari kakwehana ya, haywangenengaken wang haulah salah, kadang wargganira tuwi, mari handanda wwang tan padosa, haja milurut rasaning hagama kang wus karasa denira, hajangdohakin Sang Brahmana, bhisa hangiket kadang wargga, dening kama dhana, bhisa hakaryya kante dening histri hawawarangan ring wwang mamukti ring deca lyan, maka panangkisning bhaya ring dlaha, tan angadu-hadu kawulanya, weruh pakimpilaning drewya sakeng doh, tumimpena, pasuguhni kadang wargga baala mwang mitra, sakeng doh aparik, maka patulung ning bhaya lapanya, weruh lunghaning drebya maring lyan, tan wenang yan abhasa tan weruha, weruha matuturi swami, kalanya patimu tangan, kon gorawa heng ka-

dang varkalanya patemu tangan, kon gorawa heng kadang wargganya wadon, hasih ri rabining para mantri mwang ring para samanya, hasihing raryalit ira, apan phalaning mangkana, hata rikang dhana yadyan akedik donya ramya kang prang phalanya, hang lawadana kadang wargga kalaran, makadyanemu bhaya, yeka tuwuh aranana histryadi mantri ngaranya, ya janma mamukting ring jero ngaranya, makadi katambeh kang semita denya, haywana kakung wedi ring histri, yan mangkana samakena lawan papatih lobha, kunang dharmmaning wadon, manuta sang kakung, weruh mangucapa dharmma sastra, tatan pahid epana ujaring samanya wadon, handura wacana, mapan lukan denya lobhani wwang mahati wadonya, bhisa hanambaddhani kakung yan ana kakrodhanya, kunang yan ana prasanakira samanya wadon, hatawa kakunga hacring hawadul-waduling sira, yogya rerenakena, apan heweh kramaning mamukting ri jaba ring jero, dadi kakung hawadona, prayatnaha sang kakung ri strinira, histri ngaranya, pada kuler wang cajanira, ring swaminira, yadyapi samanya mantri. – Iti stri casana, weruhanya lapa wareging kawula dacinya. Hana ta dawakenang wacita, tingkahing hangawula, hikang hataki-taki mangucapa dharmma sastra, mahyanyangulahaken hawahnga maring rahayu, mon ginunita dening jurunga, makadi tan inunining tuwunya, tan inuninga hulahing wwang dura careng kana, ring ulah mangkana, yadyapin sakalwiraning karyya, yapwan tan tulus denya mungsira maring rahayu, apan rinugan dening dusta duracara, mangkanang para punggawanira tan uninga ri rowangnya, kewalya-penganunum siwinenya dawak, dening kajogring pamidik, tuwunya bhasa tan weruh ring guna tan paguna, pada juga lingnya kabeh, yan mangka rusak tang rajya phalanya, rowang tan paprang kajarnya dening kakwehan pamidi krayan panjing tan angantunaken, yeka halanira sang sinewita tan uningeng para punggawanira, kaduk labhanya mwang piranti, mulih tikang sarwwa bhaya ring hawakta, phalaning hina pariksa wadwa, tekeng tanayan tani. – Nyan hikang wwang angilatalit dadyaruhara, tan lulus hakrameng sang siniwi, mangkana yar tekaning

kala-kali katelasanya, sarwwa rug kabeh, karugan dening wadokala, rug tang casana makabehan, sumarambah tikang dusta durjjana, prang ramya puwaranya, pada harebut tetegalan, sasawahan haras-arasan, wurung denya sumandang wecaning hapadeca, tumut hulahing walaka durjjana, milwangraweg hangadol wong, handihini irsya, tumana ring sama-samanya, kelu dening hambek kakwehan juti, lali ring bratanya cila kramanya, kunang kang kawaca de sang matapa mamukting rajya, yadyan wus umaluking gama yukti, yar dinuhun angkara dening rawangnya mamukti, iku mahaprayatna sira, wenang kruraha ring musuh lawananira, mangkana krama yukti, mwang magawaya upaya, kunang yan wus kasor tang catru denira, tandwa susukcrah ing sira, jati denyang aturaken hamala kwing urip, hacrah tanaya dharanya, wus ingubhayan sinung uripnya, dadi ta ya pinidik pinisakitan tuwi yar pinatyan, iku sang magawaya upaya ngkana, tatan sapira silinoknya, ri sama-samanya, tumuwuh, tibeng naraka juga ya, kunang kang wenang nggonya mangkana, sang pinaka musuhnya juga, sang kumira kireng pamuktinya kang makadilingganya, kunang hikang wwang alit-alit tan milu juga ya, sinakitan, apan jatinya wus anungkul, apan ing kawula, kadyangganing dacihing wong haminta mahutanga hartha, kinon dening gustinya manarimarthaning sang sugih, mati pwaya sang mulaning utang, dacinya tan tagihen, apan rehing kawula gawene lumaku, mangkanopamanya, tingkahing hayuddha, nahan dharmmanya, mwang dharmmaning hapiyutang. – Hana ta ucapen malih, yan sira sang mantri mamukting bhuwana, metu pwa ya hanaknira makweh, dumdumana karuhun diwyanira, mwang kawulanira balaka, kunang hikang para mantrinira tatan yogya kweh yan dumana, hanakning jajamahan, hikang para mantri mwang manghuri kapatihan, sakalwiraning kanda haning paramantri, hika kewalyaha ring sang maka gumantyan aneng bapa, tumut tang sarwwa yuddha wicesa, tar kawenang yan rugragen, apan pagantanging jiwanira, engetakena sipating madum driwya, kunang hikang hanak metu sakeng cudra, mwang hanak ning jajamakan, tarkka-tarkka nen pawehira, yan

